

**TRUTH
CENTERED
TRANSFORMATION**

MODULE 1



KUPARURWA KWEHUSHUMIRI HWAKAZARA BHUKU REMUDZIDZISI

Kushandurwa kweChokwadi – Chidzidzo chekutanga: Kuparurwa kweHushumiri Hwakazara chidzidzo 4.3
Copyright ©2019 Reconciled World, Phoenix, Arizona, United States of America. www.reconciledworld.org

Iri basa rakavapo nemitemo uye zvitsungo zveCreative Commons Attribution–ShareAlike 3.0 rezinesi. Iwe unotenderwa uye unokurudzirwa kushandisa basa iri, uye kukopa, kugovera, uye kuriendeswa kwakasiyana siyana asi uchitedzera zvinoti:

Rukudzo — Unofanika kupa rukudzo nekubatidza chirevo chinotevera: Copyright © 2012. Rakatsikiswa neReconciled World (www.reconciledworld.org) pasi pemitemo nezvitsungo zveCreative Commons. ShareAlike 3.0 rezinesi. Kuti uwane rumwe ruzivo, ona www.creativecommons.org.

Hazvitengeswi – Haungashandise chinyorwa ichi kutsvagisa mari.



Kana uchida kushandura chinyorwa ichi mune mumwe mutauro, tapota nyorera info@tctprogram.org.
Mavhesi ose, kunze kwepazvakaratidzwa, akatorwa kubva muBhaibheri Dzvene, reNew International Version®, NIV®. Copyright ©1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.TM. Rakashandiswa nemvumo yeZondervan. All rights reserved worldwide. www.zondervan.com. “NIV” uye “New International Version” zvinyorwa zvozivikakanwa zvakasungwa neUnited States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc.™

Kutenda

Pane nzira diki yekutenda munhu umwe neumwe akawana chekuita nezvinyorwa zvino uye akaita kuti chironzwa chino chive zvachiri. Kufemerwa kuzhinji kwakabva muzvidzidzo zveDarrow Miller of Disciple Nations Alliance and Bob Moffitt of Harvest Foundation. Chironzwa ichi chakagadzirwa nekuvandudzwa nekutanga kuitwa kuburikidza nemakore angu neFood for the Hungry. Ndinovatenda zvikuru nekundipa mukana wekuedza mazano iwaya uye nekupa mari dzaidiwa kuti zvibudirire.

Mubhuku rino rekutanga, ndakatora zvakananga kubva muzvinyorwa zva Bob naDarrow, kunyanyanyanya "Development Ethic" raDarrow Miller uye "Leadership Development Training Program" ra Bob Moffitt. Mamwe mazano ekuvandudza zvinyorwa akabva kuna Mark Wilson. Nyaya yeKuyambuka Rwizi muchidzidzo chechisere haisi yangu, zvisinei inobuda muzvinyorwa zvakananga zvekuti zvekuti ndakashaya muridzi akainyora kekutanga.

Ndinopa kutenda zvakananga kune avo vandakwanisa kushanda navo mumakore adarika pavaidzidza nekuisa mazano aya muzviito. Magamba angu emachokwadi. Kuzvishandisa kwavo nekudzoka nemhinduro ndizvo zvaita kuti zvibudirire, uye nekurudziro yavo yaita kuti ndirambe ndichipfuurira mberi pamazuva andaida kuzvisiya. Ndinoramba ndiine rudo rwakasaruudzika kune chikwata chekutanga chevadzidzisi chakagara mukusanzwisisa pandakadzidza kuti unodzidzisa sei uye unodzidzisei. Vakaedza nemoyo murefu kunzwisisa uye nekudzidzisa mazano atakazoonza kuti akanga akanyanyooma panyaya yawo. Zvisinei Mwari vakaburitsa nharaunda idzodzo kubva muhurombo zvekare. Yeuchidzo isingaperi yekuti izvi hazvina kumbobvira zviri zvangu asi zvaMwari uye nezvavaiita. Ndinonzwa kubatwa zvikuru kuti Mwari vakanditendera kuve chikamu chenyaya iyoyi uye vakandishandisa zvisinei nehutera hwangu. KwaVari chete ngakuende Mbiri.

Chekupedzisira, ndinoda kutenda murume wangu akasiya hushumiri hwake kuti ashande pamwechete neni pachironzwa chino. Pasina iye, izvi zvaisazogoneka. Ndinoziva kuzvipira kuzhinji kwawakaita mumakore ose aya kuti izvi zviitike. Ndiwe mhengo iripasi pemapapiro angu, uye ndinokuda.

Anna Ho
Mutungamiri Mukuru

Musati Matanga

Kugadzirira kuDzidzisa Chidzidzo

1. Verenga **Bhuku reMudzidzisi** zvakanaka, kakati wandei kana zvichibvira. Isa mucherechedzo kana zvinyorwa kumucheto kuti ugorangarira zvakanakosha.
2. Tarisa **Mazano Akakosha** echidzidzo chimwe nechimwe kuti uzive zvinofanira kudzidzwa nevadzidzi muchidzidzo.
3. Gara waverenga ndima dze**Magwaro**.
4. Tarisa **Zvekushandisa** zvinodiwa muchidzidzo chimwe nechimwe uye iva nechokwadi chekuti wagara waita makopi eMIFANANIDZO INOBATSIRA inoshandiswa muchidzidzo.
5. Iva nechokwadi chekuti unoziva chiito chimwe nechimwe chiri muchidzidzo (mitambo, MIFANANIDZO INOBATSIRA). Unokwanisa kuzvidzidzira nemhuri yako kana neshamwari.
6. Tora nguva yek**unamata** kuti Mwari vagadzirire vadzidzi, kuti vadzidzi vanzwe Mwari zvavanoda kuti vanzwe uye kuti Vakubatsire kudzidzisa zvinyorwa. Rangarira kuti kuburikidza nesimba raMwari chete ndipo patinoona vanhu vachishandurwa.

Mazano Anobatsira kuDzidzisa Zvakanaka

1. Kurumidza kusvika ugadzirire Zvekushandisa nenzvimbo yamuchange muchishandisa.
2. Usamhanye muzvinyorwa. Ronga nguva yakakwana yehurukuro, mitambo neyekumbozorora. Chinangwa ndechekuti vanhu vawane nguva yakakwana yekunzwisisa nekutora chikamu munguva yekudzidza. Famba kubva pamusoro wenyaya uchienda pane umwe nemafambiro ekuti munhu wese anonzwisisa. Mamwe mabhuku anokwanisa kutora chimwe chidimbu cherimwe zuva kana rimwe zuva rizare.
3. Ita ongororo kakawanda. Pakutanga kwechikamu chinwe nechimwe, ita kuti muve neongororo nevadzidzi yezvese zvavadzidza mukudzidza bhuku. Kudzokorora kunobatsira vanhu kurangarira zvakadzidzwa.
4. Tevedzera Bhuku reMudzidzisi nezvinyorwa zvako zvawakagadzirira
5. Iva nechokwadi chekuti wabatanidzira zvikamu zvina zvose zvechidzidzo.
 - a. Suma musoro wenyaya – zviito zvinobatanidza musoro wenyaya nezvakanakabva kuitika muhupenyu hwavo.
 - b. Taura zvinhu zvitsva– pane nzira zhinji dzekutaura nadzo zvinhu zvitsva
 - c. Ipa vadzidzi zvekuita nezvanenge vadzidza – zviito zvinobatsira kuti vanzwisisa zvakanaka mazano nekushanda nevamwe, kugadzira chimwe chinhu kana kuita chimwe chinhu.
 - d. Batanidza nyaya yacho nehupenyu hwavo – mashandisiro pakupera kwechidzidzo anobatsira mudzidzi kusarudza nzira dzakasarudzika dzekushandisa zvavanenge vadzidza muhupenyu hwavo. Kudzidza zvisingazoshandiswe hakuunze shanduko uye hakubatsire.
6. Ita ongororo yemisimbati yekudzidza kwevakuru nehumwe hunyanzvi hunodzidziswa muKUdzidziswa Kwevatungaimiri (Facilitator Development training).
 - a. Ipa mirairo yakajeka.
 - b. Bvunza mibvunzo inopindurika zvakasununguka.
 - c. Tenda vanhu nekutora chikamu kwavo.
 - d. Usaudze vanhu chinhu chavanogona kudzidza nekuzvionera vega.
 - e. Umbiridza pazvinhu zvagara zvichizivikanwa nevanhu uye ona zvavanzvira.
 - f. Iva nemoyo murefu uye mirira vanhu kuti vape mhinduro.
7. Kurudzira munhu wese kuti atore chikamu, ataurewo nekupa mazano kuhurukuro. Tsvaga nzira dzekukurudzira nadzo zvinyoro nyoro vanhu vanonyara kuti vatorewo chikafu usina kuvanyadzisa.

8. Namata mukati mezuva rese kuti Mwari varatidze zvinhu zvitsva kwauri nekuvadzidzi.

Mashandisirwo eBhuku rino reMudzidzisi

1. **Pfungwa Huru uye Zvekushandisa:** Chidzidzo chega chega chinotanga nechikamu chino.
 - a. **Pfungwa Huru** – Aya ndiwo mazano akakoshesesa anofanira kunzwisiswa pakupera kwechidzidzo chimwe nechimwe. Pakupera kwechidzidzo tora nguva yekuongorora nekuva nechokwadi chekuti vadzidzi vanzwisisa pfungwa idzi.
 - b. **Zvekushandisa** – Zvekushandisa zvinodiwa zvakanyorwa pachidzidzo chimwe nechimwe.
 - i. **MIFANANIDZO INOBATSIRA** – zvinenge zvakanyorwa sezvizvi. Zvinofanira kudhindhwa nguva ichiripo.
 - ii. Tinokurudzira kuva nebepa reposita rekunamira, chidzidzo chekunyorerwa rekushandisa kana riri boka guru.
 - iii. Bhuku reMudzidzi nderekuzvisarudzira. Chero chikamu chechidzidzo chine mapeji anoenderana muBhuku reMudzidzi anonyorwa muBhuku reMudzidzisi sezvizvi: (SG).
2. **Mirairo kuMudzidzisi:** Pane mirairo yakakosha muchidzidzo inokubatsira kutungamira chidzidzo zvakanaka. Izvi hazvisi zvekuudza vadzidzi. Gara waverenga izvi kuti uve wakagadzirira kutungamira hurukuro nezviito. Mimwe mibvunzo inenge iine mhinduro dzakanyorwa zvakatsveyama kukubatsira semurairidzi zvinodiwa kubva kuvadzidzi. Idzi hadzisiridzo dzega mhinduro dzakanaka asi dzimwe dzemhinduro.
3. **Kuchengetedza Nguva yakatarwa neMafambiro ayo:** Nguva haina kutaurwa nezvayo muchidzidzo chimwe nechimwe.
 - a. Tora nguva inokwana kubatsira vanhu kunzwisisa pfungwa dziri muchidzidzo. Zvinokosha kuva nehanya yezvirikudzidzwa nevanhu kwete hanya nekupedza chidzidzo nenguva yakatarwa chete.
 - b. Rangarira kusiira nguva kuvafambisi kuti vatange nenguva yekuzvipira pakunamata, kupupura, kukurukura matambudziko avarikusangana nawo, uye nekunamata pamwechete.

Chidzidzo chekutanga: Nyaya Izere

Pfungwa Huru

Hurongwa hwaMwari hausi hwekungoona mweya ichiponeswa asiwo kuona kudzoreredzwa kwehukama hutatu hwakaputswa mukudonha—hukama hwedu naMwari, nemumwe nemumwe, uye nezvimwe zvese zvakasikwa.

Zvekushandisa

1. Mifananidzo Inobatsira:
 - a. Hukama Hutatu (Mifananidzo mina: Kusikwa, Kuwa, Muchinjikwa, Kudzoka)
 - b. Mutambo waAdhamu naEvha (makopi maviri)

Nhanganyaya

HURUKURO MUBOKA GURU

- Nemhaka yei Jesu akafa?

Mirairo KuMudzidzisi: Kurudzira mhinduro dzakawanda. Yeuchidza vadzidzi kuti hapana mhinduro imwechete yechokwadi. Tenda mhinduro dzese dzakanaka.

Tinowanzoti Jesu akauya kuzotiponesa pazvivi zvedu. Ichi ichokwadi, asi akauya kuzoita zvakanaka kupfuura izvozvo. Rufu rwake pamuchinjikwa chikamu chimwe chete chenyaya yacho yese. Kuti tinyatsonzwisisa shoko reBhaibheri, tinofanira kunzwisisa nyaya yacho yese kubva kwekutanga kusvika kwekupedzisira.

Kusikwa

HURUKURO MUBOKA GURU

Kubva pane zvaunotoziva pamusoro pokuti Mwari akasika sei nyika, ungapindura sei mibvunzo iyi?

- Hukama hwaAdhamu naMwari hwakanga hwakaita sei? (*Gen 1: 26-27, 31*)
- Hukama hwaiva pakati paAdhamu naEvha hwakanga hwakaita sei? Unofunga kuti vaikakavadzana zvakananya here? (*Gen 2:23-25*)
- Hukama hwaiva pakati paAdhamu neZvisikwa hwakanga hwakaita sei? Adhamu aiva nezvose zvaaida here? Aiva nezvokudya zvakanakwana here? (*Gen. 1:29-30*)

Mirairo KuMudzidzisi: Ratidza **MIFANANIDZO INOBATSIRA** Mufananidzo wekutanga: Kusikwa uye batsira vadzidzi kuona kuti pakutanga kusati kwadonha hukama hwechimwe nechimwe hutatu uhwu hwakanga hwakanakwana.

Kuwa

Verenga Genesisi 3:1-20.

MUTAMBO

Mirairo kuMudzidzisi: Kumbirai vanhu vaviri kuti vaite mutambo unotevera. Ipa vaviri vanenge vazvipira mapepa emutambo.

“Kukurukurirana Pakati paAdhamu naEvha”

Adhamu:	(Achigadzirisa mubindu) Evha, kushanda mubindu chokwadi kwazooma pashure pokunge tagumbura Mwari nokudya muchero iwoyo!
Evha:	Hongu, uye vakomana vedu havachagari vese zvakanaka zvakare. Vanopopotedzana uye vanorovana nguva dzose. Ndinovimba kuti hazvizosvike pakaipa! Uye aya mashizha emuonde akapusa andinofanira kupfeka. Akashata kwazvo!
Adhamu:	(Achiita nharo) Hatikwanisi kutenga mbatya itsva, saka usanyunyute! (Chimbomira) Ndinosuwa mazuva ekare, apo Mwari aifamba nesu uye achitaura nesu. Iye zvino Ane hurombo kuti tiripo. Uye rangarira kuti mhuka dzaiwanzotiteerera sei? Zvino dzinomhanya dzichititya!
Evha:	Hongu, kana kuti dzinoedza kutiruma! Ugh... Ndinovenga nyoka! Ndirikutadza kuzvitenda kuti ndakatora mazano kubva kunyoka! Zvinhu zvese izvi zvisina kumira mushe imhosva yenyoka!
Adhamu:	Aiwa, imhosva yako! Haufe wakaita chinhu chakanaka! Ko ndaigotorawo zano kumunhu atora zano kunyoka?
Evha:	Zvakanaka, usandipa mhosva. Ndiyo mhosva yako! (Achimira, neshungu) Ndine hurombo. Hazvibatsire kupopota. Adhamu, unofunga kuti zvinhu zvichazombova sezvazvaiva kare here?
Adhamu:	Handizivi. Mwari chete ndivo vaigona kugadzirisa dambudziko iri!
Evha:	Ah, kwete—chii manje? (Kupopota, kumhanya) Regai kurwa imi vakomana vaviri! Zviregei izvozvi. Murikundinzwa here? Ndichaudza baba venyu, uye havasi kuzofara!
Adhamu:	(Achidzokera kubindu, achitura befu) Basa, basa, basa, basa, basa, basa...

HURUKURO MUBOKA GURU

Kubva pamutambo wacho nezvaunoverenga muBhaibheri, ndeapi mamwe matambudziko ari kusangana nevanhu iye zvino nemhaka yokuwa?

- Verenga Genesisi 3:8,10 - Chii chakaitika pakuwa kwehukama hwevanhu naMwari?
- Verenga Genesisi 3:12 - Chii chakaitika panguva yekuwa kwehukama hwevanhu nemumwe nemumwe?
- Verenga Genesisi 3:15 - Chii chakaitika panguva yekuwa kwehukama hwevanhu nezvisikwa?

Mukuwa, huipi hwakapinda munyika; kwete huipi hwetsika chete, asi huipi hwenyama zvakare. Mushure mekuwa, pakanga pane zvokudya zvakanakwana uye pakanga pasina kudengenyeka kwenyika, kusina mafashamo, kusina kusanaya kwemvura. Nekuda kwekuwa, tatova nezviro izvi zvese.

Kuwa kwakakanganisa hukama hwese hutatu.

Mirairo KuMudzidzisi: Ratidza **MUFANANIDZO UNOBATSIRA** Mufananidzo wechipiri: Kuwa uye batsira vadzidzi kuona kuti Kuwa kwakakanganisa hukama hwumwe nehumwe.

Basa

Chikamu chinotevera chenyaya pakati paMwari nezvisikwa zvake zvinowanikwa pakati penhoroondo yekuwa nekuguma kweTestamente Yekare.

Mirairo KuMudzidzisi: Ratidza kirasi chikamu chikuru chauri kureva muBhaibheri.

Ichi ndicho chikamu icho Mwari vari kutsvaga vanhu vavo. Ane chishuwo chekudzorera chakaputsika.

ABHURAHAMA – Verenga Genesisi 12:1-3. Muchikamu chino Mwari anosimudza Abhurahama uye anomuropafadza. Nei achiropafadza Abhurahama? (*Mwari anoda kuropafadza marudzi.*) Muchikamu chimwe chete ichi, tinoona hurongwa hwaMwari hwakuponesa pasi rose. Kuburikidza neKereke, Anoda kuunza chikomborero kumarudzi.

MOSESI – Mwari akapa nyika mirairo gumi kuti tizive nzira yekudzoreredza hukama hwakaputsika.

- Murairo unongofukidza zvinhu zvemweya chete here, kana kuti unofukidza hukama hwedu nemumwe nemumwe uye nezvisikwa?

Mirairo mina yekutanga inodzorera ukama hwedu naMwari. Mitanhatu yekupedzisira inodzorera hukama hupi? (*hukama hwedu nemumwe nemumwe*). Mitemo yose unofukidza hukama hwedu naMwari (Ekisodho 21:3), hukama hwedu nomumwe nomumwe (semuenzaniso. Ekisodho 21:12), uyewo hukama hwedu nezvisikwa (Eksodo 23:10-12). Pane mitemo yakananga kubatsira vanhu kuti varambe vaine hutano (semuenzaniso Revhitiko 13) uye inoratidza mabatiro avanofanira kuita vamwe (semuenzaniso Ekisodho 23:1-9). Mwari havangoiti zvinhu zvemweya chete. Vane hanya nezvinhu zvole zvehupenyu hwedu. Ndiko kusaka vakasika mitemo yezvikamu zvole zvakatyorwa nechivi.

Verenga Dheuteronomio 28:1-14.

- Mwari anoti chii chichava migumisiro kana vanhu Vake vakateerera mirayiro iyi?
- Zvikomborero zvinovimbiswa naMwari zvinhu zvemweya chete here, kana kuti zvikomborero nokuda kwehupenyu hwavo hwepanyamawo zvekare?

Mwari akamutsa madzimambo nevaporofita, asi nguva nenguva Israeri yakatambura kuburikidza nehurombo nehondo nekuti vakafuratira Mwari vakasatevera mirairo yake.

Verenga 2 Makoronike 7:14.

- Mwari anodana ani kuti azvininipise uye anyengetere? (*Kwete vanhu vole, asi vanhu Vake vole—nhasi vaKristu.*)
- Mwari akati chii chaizoitika kana vaizoteerera? (*Mwari achaporesa nyika yedu*) Izvi zvichiri chokwadi nanhasi. Hazvirevi kuti tichaona hupenyu huchiponeswa chete. Ndimba iyi inotiudza kuti Mwari achaunza kuporeswa kuhukama hwese hutatu-hukama hwedu naMwari, nemumwe nemumwe, uye nezvisikwa.

Muchinjikwa`

Ichi hachisi chikamu chinoshamisa chenyaya chete, asiwo chikamu chinonyanya kukosha. Muzvitendero zvakanwanda, vanhu vanofanira kupa zvibayiro kuti vafadze vanamwari. MuchiKristu, Mwari akada vanhu zvekuti akatuma mwanakomana wake kuti azotifira.

Verenga VaKorose 1:19-20. Nemhaka yei Jesu akafa?

- *Kuyanana hukama hwese.*

Mirairo KuMudzidzisi: Ratidza **MUFANANIDZO UNOBATSIRA** Mufananidzo wechitatu: Kudzoreredzwa uye tsanangurira kirasi kuti Jesu akauya kuzoyanana zvinhu zvole zvakanwanda mukuwa. Zvisinei, zvinhu zvole hazvizeve zvakanwanda kusvika pakuguma kwenyaya.

Jesu akatisiya neKutumwa Kukuruzira isu tine basa kwete rekuona vanhu vachiva maKristu chete, asiwo nekudzidzisa marudzi. Kudzidzisa marudzi kunoreva kubatsira nyika kuti itevere zvinangwa zvaMwari muzvinhu zvole izvo Jesu akauya kuzoyanana.

Kudzoka

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Zvakazarurwa 21:1-7.

- Pakupedzisira, hukama hwevanhu naMwari huchange hwakaita sei?
- Hukama hwevanhu nemumwe nemumwe huchange hwakaita sei?
- Hukama hwevanhu nezvisikwa huchange hwakaita sei? Tichava nezvakawanda here? Tichazomborwara here?

Mirairo KuMudzidzisi: Ratidza **MUFANANIDZO UNOBATSIRA** Mufananidzo wechina: Kudzoka uye batsira vadzidzi kuti vatsanangure kuti, kana Jesu adzoka, hukama hwedu hwese huchadzoreredzwa zvakanakira sezvo Mwari aida kuti huve pakutanga.

Mhedziso

Iyi ndiyo nyaya yese—nyaya inoshamisa kubva kumavambo kusvika kumagumo yekuti Mwari akasika sei nyika yakakwana; neyekuti chivi chakapinda sei munyika iyoyo chikaputsa hukama hwedu naMwari, mumwe nemumwe, nezvisikwa; neyekuti Mwari akatida zvakanakira zvekuti Akatuma Mwanakomana Wake kuti adzorere hukama hwakaputsika mukuwa; uye nezvekuti Mwari rimwe zuva vachadzoka sei uye voita kuti zvinhu zvose zvive zvitsva.

Mwari vanokuda zvikuru. Akatuma Mwanakomana wake kuti azofa kuti muve noukama naYe uye muve noukama hwakanaka nomumwe nomumwe uye nezvisikwa.

Chidzidzo chechipiri: Vanhu Vanokosha Kuna Mwari

Pfungwa Huru

Vanhu vose vakasikwa nemufananidzo waMwari uye vanokosha kwaari. Tinofanira kubata munhu wese, kunyange vana vanowanobatanwa zvisina kunaka, sezvisikwa zvinokosha zvaMwari.

Zvekushandisa

1. Bhuku reMudzidzi rekuzvisarudzira (SG)
 - a. Mibvudzo yeKusikwa neMufananidzo waMwari

Nhanganyaya

HURUKURO MUBOKA GURU

MuCongo, makereke akati wandei akatanga kuparidzira pfambi, achivabvumira kugara muzvivakwa zvekereke uye kuvadzidzisa kusona. Pfambi idzi dzaiva vasikana vaigara mumugwagwa nekuti vakaita pamuviri vasati varoorwa, mhuri dzavo dzainge dzavadzinga.

- Munofunga kuti iri iboka rakanaka rekuti kereke ibatsire here?
- Pangave here nevamwe vanhu vaunofunga kuti machechi anofanira kubatsira pane kubatsira pfambi?

Kusikwa neMufananidzo waMwari

HURUKURO MUBOKA GURU KANA DIKI (SG)

Verenga Genesisi 1:26-27.

- Vanhu vakasiyana sei nezvime zvisikwa zvose? Mwari akashandisa chii semuenzaniso wake kuvanhu?
- Ndeapi mamwe maitiro aMwari anogona kuwanikwa muvanhu? Domai akawanda sezvinobvira.

Verenga Pisarema 139:13-16.

- Ndimba iyi inotiudzei nezvekukosha kwevanhu?
- Munofunga kuti vhesi iyi inongoshanda kune vamwe vanhu kana kuti vanhu vese here?

Mwari akatiumba, takanyatsogadzirwa, uye akanyora mazuva ese ehupenyu hwedu mubhuku. Hatina kungoerekana tavapo, asi Mwari akasika munhu mumwe nomumwe.

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Johani 3:16.

- Mwari akaitei kuti agadzirise nyika?
- Mwari akatifira nokuti takanga takanaka here? (*Kana vasina chokwadi, tarisa VaRoma 5:8.*)
- Kana Mwari aida kutuma Mwanakomana wake kuti afire vanhu, saka anofunga kuti vanhu vanokosha zvakanini?
- Izvi zvinorevei pamabatiro atinoita vanhu?

Muchidimbu: Mundima idzi, tinoona kuti zviri pachena kuti Mwari anofunga kuti vanhu vanokosha zvikuru. Akatisika nemufananidzo Wake—mumwe nemumwe wedu akasikwa nemazvo uye akarukwa pamwechete mudumbu raamai vedu. Ane hanya nevanhu zvokuti akatuma Mwanakomana waKe kuti azotifira.

Fungazve nezvemakereke aibatsira pfambi.

- Mazano aya angatibatsira here kunzwisisa kuti nei vangasarudza kuvabatsira?

KUZVIFUNGA PACHAKO

Mumwe nomumwe wedu anokosha zvikuru kuna Mwari. Ndizvo zvakaita munhu wese munharaunda yako. Wana nguva yekufunga chinyararire pamusoro pekuti unobata vanhu vemunharaunda yako sevanokosha kuna Mwari here.

Chidzidzo cheNyaya: Kereke yeKutanga

HURUKURO MUBOKA GURU

MaKristu emukereke yekutanga ainzwisisa kuti vanhu vakakosha. Panguva iyoyo, vanhu vakawanda vaidavira kuti vanamwari vairwirana kuti vave vakuru uye vairayira kuti vanhu vape zvibayiro kuti vadzivise kurangwa navanamwari. VaKristu vainzwisisa kuti Mwari wechokwadi akanga akasiyana naizvozvo. Panzvimbo pokuda zvibairo, iye akanga apira chibayiro nokuda kwavanhu, achitumira Mwanakomana Wake anodiwa mumwechete kuti avafire (Johani 3:16). Chibayiro chaJesu chakaridzira kuti munhu wose aikosha zvikuru. Kunzwisisa uku kwerudo runoshamisa rwaMwari kunyika Yake uye kuvanhu kwakatungamirira kereke yekutanga kupikisa tsika dzakajairika dzakadai sokubvisa pamuviri uye kuuraya vacheche. Panguva iyoyo, kana mwana musikana akaberekwa, aiwanzoraswa mumigwagwa. Zvisinei, vaKristu vainzwisisa kuti hupenyu hwose—hurema, husati hwaberekwa, murume kana mukadzi, muranda kana kuti mupfumi—hwaiva hunokosha zvikuru kuna Mwari. Vainunura vacheche vechikadzi kubva mumigwagwa vovarera sokunge ndevavo.

Kereke yekutanga yaitendawo kuti, sezvo Mwari akaratidza rudo rwake nekupa hupenyu hwake pachinzvimbo chedu, raive basa ravo kuti vashumirewo vamwe vachizvipira. Vateveri vaJesu vakanzwisisa kuti vaifanira kuva netsitsi nengoni kuvanhu vose, nenzira imwechete iyo Mwari aivanzwira tsitsi nengoni. Panguva iyoyo, denda rekorera rakatanga. Kana munhu ane korera akanwa mvura, mukana wekuti apone wakanaka. Pasina mvura, vanofa. Zvisinei, korera inotapuriranwa zvakananyanya. Nemhaka yokuti vaRoma vaitya kubatwa nechirwere chacho, pavakangoona munhu ane chirwere chacho, vaimukandira kunze mumigwagwa kuti afe pane kumupa mvura. Hupenyu hwemunhu hwakanga husina kukosha kwavari. Zvisinei, vaKristu vakanga vakasiyana navo. Vaienda kune vaiva nekorera vachivaigira mvura nekuvabatsira. Vaitenda mubasa rekuzvipira netsitsi. VaKristu vazhinji vakafa nekorera, asi vamwe pavakaona rudo rwavo, vanhu vazhinji vakapa hupenyu hwavo kuna Kristu. Kereke yakakura nokukurumidza.

KUZVIFUNGA PACHAKO

Tora nguva yekufunga nezvenyaya iyi chinyararire iwe pachako.

Kumbira Mwari kuti akubatsire kuona mabatiro aunoita vamwe.

- Munovatora sekuti Mwari anofunga kuti vanokosha zvikuru zvokuti Aizovafira here?
- Unongobata vamwe vanhu zvakanaka uye vamwe vanhu zvisina kunaka here?

Kumbira Mwari kuti vakuregerere pausina kubata vanhu zvinomufadza. Mukumbire kuti akuratidze kuti anoona sei vanhu.

HURUKURO MUBOKA DIKI

- Ndivanaani vamwe vevanhu vasingakosheswi?
- Ndedzipi dzimwe nzira dzatingaratidza nadzo kuvanhu kuti vanokosha kuna Mwari?

Chidzidzo chechitatu: Ida Mwari uye Ida Muvakidzani Wedu

Pfungwa Huru

Mwari akatidana kuti tide muvakidzani wedu senzira yokuratidza rudo rwedu kwaAri. Tinogona kuratidza rudo kumuvakidzani wedu nokubatsira pane zvavanoda.

Zvekushandisa

1. Mifananidzo Inobatsira:
 - a. Mutambo weMuparidzi (Makopi matatu)

Nhanganyaya – Mutambo weMuparidzi

MUTAMBO

Mirairo KuMudzidzisi: Sarudza nhengo nhatu dzeboka kuti dzitore chikamu mumutambo unotevera. Vapei makopi e**MUFANANIDZO UNOBATSIRA** -Mutambo weMuparidzi.

Nhanganyaya yeMurondedzeri: MaKristu dzimwe nguva ane atinoti “maonero madiki eEvhangeri.”

Vanonzwisisa kuti kugamuchira Jesu isarudzo yehupenyu nerufu, asi hapana chimwe chavanonzwisisa. Pavanenge vasingaoni zvinodiwa nemuvakidzani wavo, shoko ravo rinorasika. [kumbomira] Nhasi, tichashanyira imba ine hurombo. Mugari mumwe chete, murombo anorwara, anorwara uye ari pamubhedha. Mumwe mushanyi, muvhangeri wechiKristu ari pakushumira paimba neimba, achangobva kusvika.

Muparidzi (EV): Tisvikewo, tisvikewo! Pane aripo here? Ndipindewo? (Anopinda)

Murwere Murombo(PSP): (Zvisina simba) Muno...

EV: Mhoroi. Ini ndoitwa _____ kubva kuKereke inonzi _____. Ndangouya nhasi kuzokoka vanhu vese kuchurch kwedu. Ishe vanga vachitiropafadza nerumutsiriro rune simba. Imi hausi kuzoda kupotswa

PSP: (Anogomera, achitaura achimbomira) Handikwanise kuuya...handigone kumuka pamubhedha...kurwara zvekutadza kufamba...kupererwa nebasa...kushaya mari yemushonga...kana yechikafu...kana yerendi...

EV: Aya matambudziko makuru, asi ndinoziva mumwe munhu ane mhinduro kumatambudziko ose ehupenyu. Wakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako here?

PSP: (Zvisina simba) Mhuri yangu neshamwari vakandisiya pandakarwara uye ndikarasikirwa nebasa...Panewo here mumhu wekukereke kwenyu angandibatsira? Ndapota?

EV: Rubatsiro rwakanakisa rwaungawana runowanikwa imo muno mubhuku rehushumiri. Rinotsanangura zvakarongerwa hupenyu hwako. Unoziva, hakusi kuda Kwake kuti iwe uve wakarara pano! Tora izvi, zviverenge, namata munamato wemutadzi, uye utende!

PSP: (Zvisina simba) Handikwanise... handina kusimba... (Anomira kutaura, anoti rapata)

EV: (Anotarisa kufema) Uchiri mupenyu! Mwari ngaarumbidzwe, ndasvika pano nenguva kuti ndipupure shoko! Ndichasiya bhuku rehushumiri. Zviri nani ndiende kuti ndinoshumira kune imwe mweya yakarasika. (Anotaura zvinonzwika munzeve dzemurwere) Tichakunamatira. Rangarira, Jesu ndiye mhinduro. (Anoenda)

PSP: (Anomutarisa achienda, ogomera) Ohhhhhhhhhhhh...

(Musaite chimwe chinhu – kana kuita chero chinoita sechakakodzera)

HURUKURO MUBOKA GURU

- Chii chakaitika mumutambo uyu?
- Wakamboona here kana kuziva nezvevanhu vakagovera vhangeri seizvi?
- Zvakabudirira sei mukufamba kwenguva?
- Mutoo uyu wokuparidza evhangeri unozaniswa sei nenzira iyo Jesu akashumira nayo?

Rugwaro rwakajeka kuti Mwari ane hanya nepanokuvadzwa vanhu-uye isu tinofanirawo kudaro. Imwe ye “nzira” dzakanakisisa dzokutibatsira kunzwisisa mwoyo waMwari kuvanhu inowanikwa mumirairo yaJesu.

Murairo Mukuru

HURUKURO MUBOKA DIKI

Mirairo KuMudzidzisi: *Nyora ndima dzacho pachidzira chekunyorerwa. Itai kuti mapoka atarise vhesi rega rega vopindura mibvunzo*

Verenga ndima dzinotevera. Ndezvipi zvinhu zviviri zvatakarairwa kuita?

Mateo 22:36-40 Ruka 10:27

Verenga ndima dzinotevera. Mavhesi aya anongotaura chimwechete chezvinhu zviviri zviri pamusoro. Ndechipi?

Mateo 7:12 VaRoma 13:9 VaGaratia 5:14

DZOKAI NEMHINDURO

Ndeipi mirairo miviri yatinoona mumavhesi maviri ekutanga?

- *Ida Mwari*
- *Ida muvakidzani wedu*

Jesu anoti chii chikuru pamirairo miviri yacho? (*Verenga zvakare Mateo 22:37-38*)

- *Ida Mwari*

Kana Mutemo neVaporofita zvichipfupikiswa nemumwe chete weMirairo Mikuru, ndeupi?

- *Ida muvakidzani wako*

Unofunga kuti nei Jesu akasarudza kupfupisa Mutemo neVaporofita achishandisa murairo uyu?

- *Kana vasingafungi kuti imhaka yekuti tinoratidza rudo rwedu kuna Mwari kuburikidza nezviito zvedu, saka dzokera kumubvunzo uyu pakupera kwechidzidzo chino.*

Kuda Muvakidzani Wedu

HURUKURO MUBOKA DIKI

Verenga I Johani 3:17, I Johani 4:20, naJakobho 1:27.

- Mavhesi aya anodzidzisei nezvekuda muvakidzani wedu?

HURUKURO MUBOKA GURU

Ndehupi hukama huripakati perudo rwMwari nemhinduro yedu kune zvinodiwa nevanhu?

- *Kana tichida Mwari, tichazviratidza nekuda muvakidzani wedu. Kana tichiti tinoda Mwari, asi tisingadi muvakidzani wedu, zvinoreva kuti hatidi Mwari zvechokwadi.*

Zvinoita here kugoverana rudo rwMwari pasina kubatsira vanhu pane zvavanoda?

- *Kwete*

Tiri vadzidzi vaJesu here kana tisiri kushumira kune zvinodikanwa zvemagariro nezvepanyama—pamwe chete nezvepamweya—zvevanhu?

- *Kwete. Kana tikatarisa mufananidzo wemakwai nembudzi, zviri pachena kuti tinoparadzaniwa nezvatinoita nezvatisingaita. “Ndakanga ndine nzara mukandipa chokudya, ndakanga ndine nyota, mukandipa chokunwa...” (Mateo 25:35). Jesu anoratidza zvakajeka mumufananidzo uyu kuti anotarisa kuti tibatsire pane zvinodiwa nevakatipoteredza kana tiri vateveri vake vechokwadi.*


Muchinjikwa

Mirairo KuMudzidzisi: *Dhirowa mufananidzo wemuchinjikwa pachidziro chekunyorera sezvakaratidzwa. Tsanangura mufananidzo kuboka.*

Mufananidzo uyu wakagadzirirwa kutibatsira kuyeuka musimboti uyu.

Mutsetse wekumusoro unomiririra ukama hwedu naMwari. Ndiwo mutsetse mukurusa.

Mutsetse wakachinjika unomiririra hukama hwedu nevamwe. Mutsetse wakachinjika unotsigirwa nemutsetse wakatwasuka. Pasina mutsara wakatwasuka, mutsara wakachinjika ungange uri mutsvina. Izvi ndezvechokwadi kwete kumufananidzo uyu chete asiwo kuhupenyu hwedu. Tinoda kuti Mwari atibatsire kuva neukama hwakanaka.



Muvakidzani wako ndiani?

Mirairo KuMudzidzisi: *Muchiito ichi, uchaverenga rungano rwemuSamaria Akanaka apo vanhu mukirasi vachiitevedzera semutambo. Kumbira munhu mumwechete kuti ave mumwe nemumwe wevanhu vari munyaya. Vanhu vanomwe vanodiwa kuti vabatsire mumufananidzo uyu wenyaya: murume mumwechete, makororo maviri, mupirisita mumwechete, muRevhi mumwechete, muSamariya mumwechete, muchengeti weimba yevaeni.*

Mumwe munhu akabvunza Jesu kuti, “Ndingaitaiko kuti ndigare nhaka youpenyu husingaperi? (kureva kuti, “Ndinoenda sei Kudenga?”) Jesu akamuudza zvinhu zviviri zvinodiwa—kuti tide Mwari uye kuti tide muvakidzani wedu. Munhu wacho akabva abvunza kuti, “Muvakidzani wangu ndiani?” Jesu akapindura nenyaya inotevera.

Verenga Ruka 10:30-37.

HURUKURO MUBOKA GURU

- MuSamariya akanaka aiziva here munhu aiva pasi?
- Chii chakaitwa nemuSamaria Akanaka kumunhu iyeye? Zvakanga zvakasiyana sei nezvakaitwa nevamwe?
- MuSamaria Akanaka akaratidza sei rudo kumuvakidzani wake? Akaita zvakanakwana here kana kuti zvakanakwana kupfuura zvaidiwa?
- Nyaya iyi inotidzidzisei nezvekuti muvakidzani wedu ndiani?

- Chii chatingadzidze kubva munyaya iyi pamusoro pekuratidza rudo kumuvakidzani wedu?

Mashandisiro

Funga nezvevanhu vaunowanzoona. Chii chinhu chimwechete chaunogona kuitira mumwe munhu?

Chidzidzo chechina: Kukura muzvikamu zvole

Pfungwa Huru

Jesu akakura muzvikamu zvina—panyama, pamweya, magariro, uye mafungiro. Tinofanirawo kukura muzvikamu zvina izvi uye tinokwanisa kubatsira nharaunda yedu nekereke kuti ikurewo nenzira imwechete.

Zvekushandisa

1. Mifananidzo Inobatsira
 - a. 'Chati reZvikamu Zvakakura Jesu' (rimwechete pamudzidzi wega wega)
2. Posita rekunamira kana chidziro chekunyorerera
3. Zvidimbu zvepamapera zvinokwanisa kunamirwa kana kuiswa paposita rekunamira kana pachidziro chekunyorerera
4. Bhuku reMudzidzi raungazvisarudzira (SG)
Chati raRuka 2:52

Nhanganyaya

HURUKURO MUBOKA DIKI

- Mwana anodei kuti akure kubva achizvarwa kusvika makore gumi nesere?

Mirairo KuMudzidzi: Nyora mhinduro dzeboka pamapepa madiki (Uchashandisa mapepa aya muchitwa chinotevera). Kana vakashaya mienzaniso kubva kune chero chikamu pazvikamu zvina (ona pazasi), wovakurudzira nekuvapa muenzaniso. Muenzaniso: Nzvimbo yekugara: Unofunga kuti munhu uy u angada mhuri kana mumwe munhu anomuda here?

Ruka 2:52

Verenga Ruka 2:52: “Jesu akakura muhuchenjeri nepachimiro, uye mukudiwa naMwari nevanhu.”

Jesu akakura nenzira dzipi ina? Mashoko api anowanzorondedzera marudzi mana aya ekukura?

- | | |
|------------------|-----------|
| • Huchenjeri | Mafungiro |
| • Chimiro | Panyama |
| • Kudiwa naMwari | Pamweya |
| • Kudiwa neVanhu | Magariro |

Mirairo KuMudzidzi: Nyora mazwi mana akajairika paposita kana pachidziro chekunyorerera. Shandisa mapepa madiki akagadzirwa muNhanganyaya uye kumbira boka kuti vazvironge mune imwe neimwe yezvikamu izvi.

SaJesu, tinofanira kukura muzvikamu zvina izvi. Tinogona kushandisa kukura kwaJesu semuenzaniso wekufunga nezvenzira iyo vanhu vanofanira kuvandudzwa.

Kukura kwaJesu

HURUKURO MUBOKA GURU

1. Ndeapi aive mamiriro ehupenyu hwepanyama / hupfumi / magariro ayo Jesu akakurira maari? (Akaenda kuunivhesiti here? Aiva nemagetsi kumba kwavo here? Aiva nechikafu here? Aigona kuverenga nekunyora here? Aiva nevabereki vane rudo here?)
 - *Jesu akakurira mumhuri yaive nehurombo. Vaifanira kupa chipo chenjiva mbiri. (Ona Ruka 2:24 naRevhitiko 12:8.)*
 - *Zvisinei, aiva nezvokudya zvakakwana. Baba vake vaiva nebasa ravaiita, uye Aiva nemhuri ine rudo.*
 - *Akadzidzawo kuverenga nokunyora muzvidzidzo zvake musinagoge.*
2. Jesu aiva nezvinhu zvaidiwa kuti azadzise chinangwa chaMwari pamusoro paKe here? Nemhaka yei zvakadaro kana kuti nemhaka yei zvisina kudaro?
 - *Johane 17:4 inotiudza kuti Jesu akapedza basa raakanga apiwa naMwari. Akakwanisa kuzadzisa chinangwa chaKe.*
3. Hupfumi hwakawanda sei hunodiwa kuti usvike pazvinangwa zvaMwari?
 - *Jesu aive murombo, asi akakwanisa kuzadzisa zvinangwa zvaMwari zvehupenyu hwake.*
4. Jesu akakura muzvikamu zvina. Tinogona here kubatsira vamwe kukura muzvikamu izvi? Sei?
 - *Hongu, zvinhu zvina izvi zvinotipa muenzaniso watinogona kushandisa kubatsira vamwe.*
 - *Kukura muzvikamu zvina izvi zvinotora nguva.*
5. Kukura kwaJesu kwakaitika pakarepo here, kana kuti zvaitika mukufamba kwenguva?
 - *Kukura kwaJesu kwakanga kuri muitiro nokufamba kwenguva —anenge makore makumi matatu!*
6. Kana kukura kwaJesu kwakanga kuri muitiro wemakore akawanda, inguva yakadini inodiwa kuti vamwe vanhu vakure? Inguva yakareba sei yatinofanira kugadzirira mukushanda pakuvandudzwa kwevanhu?
 - *Zvinotora nguva kuti vanhu vakure. Kana tichida kuvabatsira saka tinofanira kuzvipira kushandisa nguva yakawanda kwemakore.*

Mashandisiro kuHupenyu Hwedu Pachedu

Hatidi kukura muzvikamu zvina chete sezvakaita Jesu, asi tinofanirawo kubatsira vamwe kukura muzvikamu zvina izvi.

Mirairo KuMudzidzisi: *Ipa munhu mumwe nomumwe kopi yeChati re'Zvikamu zvakukura Jesu' (Mifananidzo Inobatsira) (SG).*

Chekutanga, zadza chati iri uchipa mienzaniso yekuti ungakura sei mune chimwe nechimwe chezviku izvi uye kukurudzira mhuri yako, kereke, nenharaunda kukura muzvikamu izvi.

Rangarira ku...

- Sarudza zvinhu zvinogona kuitwa muvhiki. Kana mukasarudza chinhu chakanyanya kukura, zvichava zvakaoma kupedzisa, uye mugumisiro uchava kuora mwoyo. Sarudzai chimwe chinhu chidiki kuti mugone kubudirira uye munogona kusarudza chimwe chinhu svondo rinouya.
- Sarudza chimwe chinhu chawanga wagara usiri kuita.

Mapoka Asinganyatsogona kuverenga —kana zvichinetsa kuti boka rizadze mhinduro inodiwa ingokurukurai zviku zvinotevera:





- Funga nezvenzira dzaungakura nadzo mune chimwe nechimwe chezviku zvina. Ndezvipi zvimwe zvausiri kuita?

- Funga nezvemhuri yako. Vari kukura muzvikamu zvina dzose here? Ndechipi chinhu chimwe chete chaungaita vhiki rino kubatsira mhuri yako kana mumwe munhu mumhuri yako kukura mune chimwe chezvikuamu?
- Funga nezvekereke yako—ndiani waungabatsira kukura mune chimwe chezvikuamu zvina? Chii chaungaita?
- Funga nezvenharaunda yako—ndiani waungabatsira kukura mune chimwe chikamu chezvikuamu zvina? Chii chaungaita?

Zadzisa zvimwe zvese pachati nemazano ekubatsira mhuri yako, kereke, uye nharaunda kukura muzvikamu zvakuakura Jesu.

Mirairo KuMudzidzisi: Ipa vadzidzi nguva yakawanda yekufunga. Zvakakosha kuti vawane nguva yekutsvaga mazano akanaka pane kumhanyira kuedza kufunga pfungwa yekutanga yavanogona.

Kana vapedza, kumbira vanoda zvavo kuti vagovere pfungwa dzavo nekirasi. Bvunza kana paine pakaoma kuwana mienzaniso uye ona kuti boka ringafunga nezvemienzaniso yakanaka pamwechete here. (Kana pasina nguva yakakwana yokuti munhu wose apedze, kurudzira vadzidzi kuti vaende nazvo kumba vonopedzisa.)

Kukura kunofanira	Zvikamu Zvakakura Jesu			
Kuva	Huchenjeri	Panyama	Pamweya	Magariro
 Sedungamunhu	Kuverenga bhuku kana chinyorwa nezvechikamu chandinoda kudzidza zvakuwanda nezvacho	Chimbofamba kwechinambwe	Tora hafu yezuva wakazorora wopedza nguva yacho uri mumunamato	Tumira tsamba inokurudzira kushamwari yako
 Semhuri	Kukurukura nezve mashandisiro eZvirevo zviviri nemhuri yangu	Kugeza ndiro mushure mekudya kwemhuri	Kutungamira mhuri yangu munguva yekuzvipira kunamata kwezuya nezuya	Kutora wawakaroorana naye kuenda nayepa "zuva rekudanana" (pasina vana)
 Kukereke	Kuita minamoto yeMuvhuro muchishandisa mharidzo yeSvondo	Kugadzirisa nzira yekufamba nayo pamberi pekereke	Kunamatira mufundisi nevakuru vekereke zuva nezuya	Kukoka nhengo dzekereke dzakasiyana kumba kwedu kuzonwa putugadzike
 Nharaunda	Kukurukura matambudziko emunharaunda nemutungamiri wenharaunda	Kufamba-famba munharaunda ndichinhonga marara	Kukoka vavakidzani kumhemberero yeKisimusi kumba kwedu	Kutamba bhora nevana vemunharaunda

Mhedziso

HURUKURO MUBOKA DIKI (Vanhv vaviri kana vatatu)

Mumapoka evanhv vaviri kana vatatu (kwete kupfuura vatatu!), goverai muchitaura chinhu chimwe chete chaunozvipira kuita. Nyengeterai kuti Mwari vakupei kugoneswa kwekupedzisa kuzvipira kwenyu.

Chikamu chechishanu: Mwari Vanoda kuti Kereke Ibatsira

Pfungwa Huru

Kereke inodanwa kuti ide nharaunda yayo kuburikidza nezviito, kunyanya nekugadzirisa zvinodiwa nevarombo.

Zvekushandisa

1. Bepa - zvidimbu zviviri zveboka rimwe nerimwe revanhu vana.
2. Mifananidzo Inobatsira
 - a. Chati reNzira dzeKubatsira - kopi imwechete paboka
3. Bhuku reMudzidzi Raungazvisarudzira (SG)
 - a. Chati reNzira dzekubatsira

Nhanganyaya

HURUKURO MUBOKA DIKI (VANHU VANA)

Nyora mazita ezviitwa zvese zvinoitwa nekereke yako (dhirowa kumiririra chiitiko chimwe nechimwe kana zvichidikanwa).

***Mirairo KuMudzidzi:** Kana mapedza, kumbirai mapoka kuti atarise zvanyorwa momaka kana chiitiko chacho chakagadzirirwa vanhu vemukereke chete here kana kuti nevasingaendi. Zvingani zviripo pane chimwe nechimwe? Ita mucherechedzo wakasiyana wezviitwa zvakanangana nevarombo nevanoshaya. Zvingani zviripo?*

HURUKURO MUBOKA GURU

1. Vanhu vemunharaunda vanofungei nezvekereke?
2. Vanhu vemunharaunda vanofunga kuti kereke inoita sei?
3. Vanhu vomunharaunda vanofungei nezvevaKristu?
4. Vanhu vari munharaunda vanoda kuuya kukereke here kana kuti unofanira kuenda kunovakoka?
5. Unofunga kuti vanhu vemunharaunda vaizonzwa sei dai kereke isipo?
6. Munofunga kuti izvi zvinofadza Mwari here?

Isaya 58

Isaya akanga achinyorera valsraeri, avo vakanga vari vanhu vakasarudzwa vaMwari. Ivo muenzaniso kukereke nhasi.

Verenga Isaya 58:1-10 mokurukura:

- Vanhu vakanga vachiitei?
- Mwari akaita sei kuvanhu ava?
- Nemhaka yei Mwari akaita nenzira iyi?

HURUKURO MUBOKA DIKI (VANHU VANA KANA VASHANU)

Kumbira boka rega rega kuti ripe ndima iyi muchidimbu nekudhirowa mufananidzo kana kunyora mutsara. Mushure mekunge boka rega rega rapa mutsara kana mufananidzo, vabvunze kuti vanofunga kuti pfungwa idzi dzinorevei kukereke nhasi.

Munyu neChiedza

HURUKURO MUBOKA DIKI kana GURU

Verenga Mateo 5:13.

- Ndezvipi zvimwe zvinoshandiswa munyu?
 - *Inochenesa, inochengetedza zvinhu kubva pakuora, inowedzera kunaka.*
- Nemhaka yei Jesu achitaura kuti vaKristu “munyu wenyika”?
 - *Tinofanira kuva nepesvedzero yakanaka munzvimbo dzatinogara. Tinofanira kuunza simba rekuchenesa uye kuchengetedza nharaunda yedu kubva pakuora. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kunge tichiona nharaunda dzedu dzichiva sezvinodiwa naMwari, kwete zvishoma.*
 - *Kunyange munyu mushoma unogona kushandura kunakirwa kwechikafu nenzira imwechete, vaKristu vashoma chete vanogona kuunza shanduko huru munharaunda.*

Verenga Mateo 5:14-16.

- Tinogona sei kupenya zvakananyanya?
 - *Nokuita mabasa akanaka.*
- Chii chinofanira kuva mugumiro wekuita mabasa akanaka?
 - *Baba vedu vari kudenga vanokudzwa.*

Nyaya dzeMunyu neChiedza

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Nyaya yekutanga – MaSari (Madhirezi eVakadzi vechiHindu)

Nhengo dzekereke dzekereke iyi dzaizviona sevanhu vechitendero vaidzvinyirwa vari vashoma zvekare. Vaitya kushumira kunze kweungano yechiKristu. Mushure mekudzidza kuti vanofanira kuratidza rudo rwaKristu kunharaunda yese, mufundisi akakurudzira vakadzi vekereke kuti vaongorore zvinodiwa munharaunda mukati mevhiki raitevera.

Paungano yevhiki yakatevera, madzimai vakashuma kuti vakanga vawana vakadzi vechiHindu gumi nevaviri avo mumwe nemumwe aive nedhirezi rimwechete (sari). Mumamiriro okunze anopisa, madhirezi anofanira kushambidzwa zuva nezuva. Kana mukadzi ane dhirezi\sari rimwe chete, anogara mukati kusvika dhirezi rake raanenge awacha raoma nezuva. Mufundisi akabvunza kana muungano maiva navakadzi vaiva namasari matatu uye vaizoda kupa rimwechete kuvakadzi ivavo vechiHindu. Vakadzi vakakwana vakazvipira kusangana nezvinodiwa zvakashumwa. Vhiki yakatevera, madzimai vekereke yacho vakashanyira misha yaiva nevakadzi vacho vaingova nesari imwe chete, uye vakavapa sari yechipiri. Vakadzi vechiHindu vakabatwa kwazvo nechiito ichi zvokuti vakakumbira madzimai vechiKristu kuti vavanyengerere. Vamwe vevakadzi vechiHindu vaiva nepamuviri vakakumbirawo vakadzi vechiKristu kuti vanyengerere vana vavo vakanga vasati vaberekwa.

Verenga Nyaya yechipiri – Mvura Yenharaunda

Mune imwe nzvimbo vanhu vakatarisana nedambudziko guru remvura. Mushure mekudzidza nezvechishuwo chaMwari chekuti kereke isvikire nharaunda yavo, hutungamiriri hwekereke hwakasarudza kuongorora zvavaigona kuita vega kuzadzisa kudiwa kwemvura. Vakawana pokurenda(renting) midziyo yaigona kushandiswa kuchera matsime nemaoko. Pakutanga, vanhu vakaramba pfungwa yacho—vakafunga kuti mvura yacho yakanga yakanyanyisa kudzika. Kana matsime ekuchera nemaoko aigoneka, vakafunga kuti, nemhaka yei akanga asina kumbocherwa? Zvisinei, vatungamiriri vekereke vakasarudza kuedza. Vakarenda maturusi (one-by-one-metre collapsible steel cylinder and winch). Vakamaendesa kunharaunda kwavo ndokutanga kuchera mvura kuseri kwenzvimbo yekereke. Pakabatwa mvura pamamita makumi mana nemashanu, munhu wese akapembera nemufaro.

Vasiri vekereke, zvisinei, havana kufara. Vaifunga kuti vanhu vekereke vaizozvichengetera mvura yacho kuti vashandise vega. Asi panzvimbo pezvo, kereke yakakoka nharaunda kuti igoverane muzvikomborero zvaMwari zvetsime ravo rakabudirira. Nenguva isipi, vamiririri vaibva kumativi ari pedyo omunharaunda yokumaruwa vakatanga kubvunza vatungamiriri vekereke kana vaizobatsira kuchera matsime pedyo navo. Kereke yakapindura zvakanaka. Munguva inoti pfuurei gore, matsime gumi namashanu akacherwa nemaoko —rimwe rakadzika mamita anopfura makumi masere.

Vanhu vakabatwa zvikuru nemaratidzirwo akaitwa rudo rwaMwari nekereke zvokuti apo kereke yakakoka nharaunda kuti iuye kuzonzwa shoko rerudo rwaMwari, chivakwa chekereke chacho chakazadzwa navanhu vaida kuziva zvakanaka pamusoro paMwari navanhu vake avo vakanga vavapa mvura.

HURUKURO MUBOKA GURU

- Makereke aya akaitei?
- Aive makereke akapfuma here?
- Vakashandisa zviwanikwa zvipi?
- Nemhaka vakaita zvinhu izvi?
- Chii chakazova mugumiro wezviiro zvavo?

Makwai neMbudzi – Mateo 25:31-46

HURUKURO MUBOKA GURU

Mirairo KuMudzidzisi: *Mirayiridzo Yemufambisi: Batsira vadzidzi kuti vaone kuti simbiso yendima iyi iri pazvinhu zvepanyama. Jesu haana kuti “Ndanga ndine nzara mukandipa turakiti” kana kuti “Ndanga ndiri muchipatara mukanditumira matepi emharidzo(tapes).” Dzakanga dziri mhinduro dzepanyama kuzvinodikanwa panyama.*

Verenga Mateo 25:31-46.




1. Musiyano wei wakanga uri pakati pemakwai nembudzi?
2. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvakaitwa nemakwai? Zvinhu zvepamweya here kana kuti zvepanyama?
3. Kereke yako inoita kakawanda sei zvinhu vakataurwa naJesu?
4. Chii chingave chakaitika munharaunda yako kana nhengo dzese dzekereke yako dzichiita zvinhu izvi?
 - Vaizova nemaonero akanaka ekereke.
 - Hupenyu hwavo hwaizova nani.
 - Vaizova vakasununguka zvikuru kudzidza nezvaMwari.

Nzira Dzekubatsira Vamwe

CHIITO CHEBOKA DIKI (SG)

Mirairo KuMudzidzisi: *Ipa boka diki rega rega kopi yeChati ‘Nzira dzekubatsira’ kubva mu **MIFANANIDZO INOBATSIRA.***

Fungai nezvemamwe mazano chaiwo ekuti kereke ingabatsire sei vanhu vari mumamiriro ezvinhu aya - vane nzara, nyota, vasina kupfeka, vasina pekugara, vanorwara, vakasungwa. Shandisa chati ‘Nzira dzekubatsira’ uye shandai pamwe chete kuti muzadze panoda kunyorwa.

Mamiriro ezvinhu	Nzira Idzo Kereke Inogona Kubatsira
Nzara 	
Nyota 	
Vasina Kupfeka 	
Vasina Pekugara 	
Vanorwara 	
Vakasungwa 	

Chidzidzo chechitanhatu: Zvimwe Zvinodikanwa Zvatinogona Kubatsira Nazvo

Pfungwa Huru

Mwari vanoda kuti tigadzirise marudzi ese ematambudziko munharaunda medu. Vane zvinangwa zvakanaka kunharaunda yedu.

Zvekushandisa

1. Bhuku reMudzidzi raungazvisarudzira (SG)
 - a. Mufundisi Wong nemibvunzo
 - b. Chidzidzo cheNyaya yaJose naMaria

Chiono chaMufundisi Wong

HURUKURO MUBOKA GURU (SG)

Mirairo KuMudzidzi: *Tsanangura kukirasi kuti wava kuzotaura nyaya. Pashure pokunge vateerera, vanofanira kuteerera mhinduro dzemibvunzo inotevera.*

- Ndeapi mamwe ematambudziko anowanikwa munharaunda yaMufundisi Wong?
- Chii chaiva chinangwa chaMwari nokuda kwenharaunda iyi? Enda pamudambudziko rimwe nerimwe uye tarisa kuti Jesu akaratidza mhinduro chaizova chii.
- Jesu akaudza Mufundisi Wong kuti vaitei?

Verenga nyaya yaMufundisi Wong.

Pane imwe nguva paiva nomufundisi weimwe kereke duku mune rimwe guta guru rizere nehurombo nezvitangweni. Zita rake ainzi Wong. Wong akanga achangobva kutamira munharaunda iyi nokuti akanzwa kuti Mwari akanga amutuma. Kereke yacho yaiva duku—vanhu vanenge makumi mana. Vakanga vakawanda vakadzi nevana. Wong aive nemabasa maviri. Akaita nepaaigona napo kuti afudze boka rake duku, uye aishandawo kune rimwe basa kuti ariritire mudzimai wake nevana vaduku vaviri

Rimwe zuva, setsika yake, akamuka kwasara awa imwe chete kuti kuyedze kuti ave nenguva yokuva oga naMwari. Akasimuka ndokupfeka ndokunyahwira achidzika keteni raipatsanura imba yavo, rimwe divi riri rekutandarira rimwe ndiro rainge rakarara mudzimai wake nevana. Akabatidza rambi rake reparafini. Akatanga kuverenga muBhaibheri rake. Mangwanani iwayo, aiverenga kubva kuna Isaya, chitsauko 58, uye ainzwa kuchema kwaMwari pamusoro pamanamatiro kwaVanoda:

Ko uku hakusi kutsanya kwandakasanangura here: kusunungura ngetani dzokusarurama, nokusunungura mabote ejoko, kusunungura vakamanikidzwa, nokuvhuna majoko ose? Hakuzi kuti ugovane zvokudya zvako navanenzara, nokupa varombo vanodzungaira pokugara, kana ukaona munhu wakashama, womupfekedza, nokusafuratira nyama yako neropa rako here?

Wong haana kukwanisa kuenda mberi. Moyo wake wakarwa nepfungwa dzake. Kana Mwari achiitira hanya zvikuru varombo, nei Wong akazviwana ari pakati pohurombo nokutambura izvo zvakamurwadza mwoyo? Aiziva kuti vanhu vemunharaunda yake waitamburira sei kurarama. Vakadzvinirirwa zvechokwadi. Wong

pachake akanga asina zvakakwana zvokudyisa mhuri yake uye kazhinji aisakwanisa kuvatengera mushonga wavaida. Akafunga kuti, “Mwari aripi? Rugwaro urwu rungapindirana sei nezvinodiwa pano munharaunda ino?”

Achiri kupishana nepfungwa idzi pamusiwo pakabva pagogodzwa chinyararire. "Angava ani iyeye, mambakwedza kudaro?" Wong akafunga. Akaenda kumusuwo. "Ndiani?" Inzwi kune rimwe divi rakati, "Ndini Jesu, Wong." "ANI?" akabvunza Wong. "Ndini Jesu, Wong," inzwi rakapindura. "Ndiwe ani chaizvo?" akabvunza Wong. Inzwi rakapindura, "Wong, ndini Jesu. Ndauya nekuti ndanzwa kuchema kwemoyo wako. Ndinoda kuti undiratidze zviri kukunetsa."

Inzwi raitaura rechokwadi. Wong akanyatsovhura gonhi. Kwakanga kuchiri kusviba uye Wong aingoona nguo dzainge dzakapfekwa, asi zvaiita sekuti aiva munhu waaifungidzira kuti angava Jesu. "Pindai mukati, Ishe," Wong akadaro. "Kwete, Wong, ndinoda kuti tiende munharaunda yako wondiratidza kuti chii chirikupwanya moyo wako." Achiri kushamisika, Wong akabvuma, achinyevera, kuti: "Tinofanira kufamba nokungwarira — kwanga kuchinaya zvikuru mazuva ano, kune marara akawanda, uye hatina zvimbudzi zvakawanda."

Pavaifamba mumigwagwa yenharaunda, Wong akaudza Jesu nyaya dzedzimba dzavaipfuura. Mumba umo maigara mukadzi aizvitengesa kuti ape vana vake zvokudya. Muchitangwena chakatevera maiva nomurume aiva chidhakwa airova mudzimai wake nevana pese paaidhakwa—izvo zvaiwanzova kakawanda. Ikoko kwakanga kune musha wemutungamiri wenharaunda, murume ane huori aibiridzira mari achivimbisa kutsvagira nharaunda magetsi—asi akashandisa mari yacho kunwa nekubhejera.

Vakapfuura pakashama pakati penharaunda. Yaifanira kunge iri nzvimbo yenharaunda yekusangana, asi yakanga yakazara nemarara anonhuwa nemakonzu. "Unoona imba iyoyo?" akabvunza Wong, achinongedza kamusha kaiva pamucheto pechikomo. "Mukadzi nevana vana vanogara imomo. Denga racho rinodonha mvura—zvakashata. Varombo zvikuru. Vane zvishoma zvokudya kana kupfeka, uye vanogara vachingorwara." Panguva iyi vaviri ava vakanga vava kumucheto kwechikomo chakanga chakavakirwa nharaunda. Wong akanongedza nechekure. "Kuzasi uko—ndiko kunofamba madzimai nevana kuenda kunochera mvura. Munzvimbo ino hamuna mvura."

Wong akatanga kukona, asi akanzwa kuchema zvinyoronyoro. Akatarisa kwainzwika inzwi. Akanga ari Jesu — Jesu akanga achichema! Wong aiona kuti zvinhu zvimwechetezvo zvakatyora moyo wake zvakatyorawo moyo waJesu. Wong akatanga kutaura, asi Jesu akatambanudza ruoko rwake akambundira Wong, akamutarisa, ndokuti, "Wong, ndinoda kukuratidza chinangwa changu munharaunda yako."

Ipapo, Wong akatarisa nharaunda. Jesu akatanga kutaura, uye Wong akaona zvinhu zvairondedzerwa naJesu — zvaiitika! Jesu akataura nezvevanhu vemukereke yaWong—varombo sezvavakanga vari—vachigovera zvavaiva nazvo nevavakidzani vavo varombo. Zuva nezuva vaichengeta mupunga mushoma ndokuuisa mugaba. Pakupera kwevhiki, mumwe nomumwe akanga ane gaba rakazara romupunga iro ravakauya naro kukereke kuti vagoverane, muzita raJesu, nevanhu vemunharaunda vakanga vane zvishoma pane zvavaiva nazvo. Vakaita zvimwe chete nesipo. Madzimai emunharaunda akashanyira chirikadzi dzemunharaunda ndoku "dziita dzavo," achidzibetsa kuwacha, kubika, uye kutarisira vana vavo pavanenge vachirwara.

Jesu akataura nezvemabasa, uye Wong aiona kuti vanhu vaiva nemabasa. Kwete mabasa anobhadhara zvikuru, asi mabasa aipa chiremerera uye aibhadhara zvakakwana kuti aite zvinodiwa zvinokosha. Jesu akataura nezvedzimba, uye Wong akaona zvitangwena zvaipinda chando nemvura zvichishandurwa kuva dzimba. Kwete dzimba dzemhando yepamusoro, asi dzimba dzakachengetedzeka uye dzakachena. Jesu akataura nezvemvura, uye pakarepo pakava nepombi munzvimbo dzakarongwa umo vakadzi nevana vaichera mvura yakachena. Jesu akataura nezvehutsanana, uye Wong aikwanisa kuona kuti kune zvimbudzi—kwete paimba imwe neimwe, asi

zvakanwana zvokuti munhu wose aikwanisa kuwana chekupinda. Uye murwi wemarara waiva pakati penharaunda wakanga usisipo. Panzvimbo pachopakanga pane tumiti tuduku, uye kwakanga kune vana vaiseka nokutamba, vachikava bhora. Jesu akataurawo nezvehupenyu hwakashandurwa, uye Wong akaona kuti mukadzi aive achitengesha muviri wake zvino akange ava kutsigira vana vake nebasa rinoremekedzwa. Chidhakwa chainge chive murume nababa vane rudo. Mutungamiriri wenharaunda akanga asingachashandisi mari nokusatendeseka asi aibatsira nharaunda chaizvo.

Ipapo Jesu akati, “Wong, tarisa kukereke!” Wong akatarisa. Yakanga yakazara. Paive nevarume ipapo! Vanhu vaifara. Vakanga vachirumbidza Mwari nokuda kwekunaka kwavo. Paiva naWong, achiparidza, achidzidzisa, uye achitungamirira vanhu vake muMweya uye muzviito zverudo rwekuteerera. Jesu akatsanangura, “Wong, chiratidzo ichi ndicho chinangwa changu kunharaunda yako. Ndinoda kuti utaure chiratidzo ichi uye wotanga kutungamirira vanhu kwachiri.”

Wong akatanga kupikisa, “Asi, Ishe, tiri varombo zvikuru!” “Wong,” Jesu akabvunza chinyararire, “Ndiani akatungamirira vana valsraeri kuyambuka Gungwa Dzvuku? Ndiani akaita kuti zvingwa nehove zwiwande uye akadyisa varume zviuru zvisihanu pamwe chete nevakadzi nevana vaduku? Ndiani akatambanudzira mafuta nefurawa zvechirikadzi yeZarefati kuti zviye zvakanwana zvokudyisa mhuri yayo kwemakore matatu enzara? Ndiani akanyaradza Gungwa reGarireya?” “Makazviita, Ishe,” akadaro Wong. “Saka, Wong, teerera pane zvandakukumbira kuti uite. Goverana zvaunazvo, kunyange zviri zvisihoma. Zivisa chinangwa changu chakanaka kuvanhu vako—pamweya nepanyama. Uye ndichaporesa nyika yako!

Wong akanzwa jongwe kurira. Mudzimai wake akakosora achimuka kune rimwe divi rejira. Akanga akagara patafura, asi mwenje wake wakanga wadzima. Kunze kwakanga kwava kuchena. Wong akatarisa tarisa Jesu asi haana kumuona. Akashamisika, “Ndarota here? Changa chiri chiono here?” Akanga asingazivi, asi Wong aiziva kuti akanga asangana naJesu uye kuti akanga ava nokunzwisisa kutsva kwokuitira hanya kwaMwari varombo... uye nechiratidzo chitsva chokuti aizotungamirira sei vanhu vake kuratidza rudo rwaMwari munharaunda yake.

HURUKURO MUBOKA DIKI

Mirairo KuMudzidzisi: Kamura kirasi kuita zvikwata zvidiki. Dzokorora mibvunzo uye wovakumbira kuti vakurukure mhinduro pamwe chete. (SG)

- Ndeapi mamwe ematambudziko anowanikwa munharaunda yaMufundisi Wong?
- Chii chaiva chinangwa chaMwari nokuda kwenharaunda iyi? Enda pamudambudziko rimwe nerimwe uye tarisa kuti Jesu akaratidza sei mhinduro.
- Jesu akaudza Mufundisi Wong kuti vaitei?

DZOKAI NEMHINDURO

Madzidzei kubva munyaya yaMufundisi Wong nemibvunzo yenyu yenhaurirano?

- Mwari ane chinangwa chakanaka kunharaunda yake panyama nepamweya.
- Jesu akaudza Mufundisi Wong kuti azivise zvinangwa zvake zvakanaka kunharaunda.
- Kuva murombo harisi dambudziko kuna Mwari. Tinongofanira kumuteerera.
- Mwari achaporesa nyika yedu kana tikatevera nzira dzake.

Kudzidza Bhaibheri

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Jeremiya 29:11

- Ndezvipi zvirongwa zvaMwari kwatiri? (kuti tibudirire, kwete kutikuvadza, kutipa tariro, kuti tirarame (kureva kuti, kuti tive neramangwana))

Nharaunda yaPastor Wong yaiva nechipfambi, kudhakwa, kushungurudzwa, huwori, uye hurombo hwakanyanya. Vanhu vakanga vasina mvura yakachena, zvokudya, uye vaigara munzvimbo isina kunaka. Asi izvi hazvisizvo zvaidiwa naMwari kunharaunda iyoyo. **Mwari vane zvinangwa zvakanaka kunharaunda dzedu.**

Verenga 2 Makoronike 7:14

- Mwari anoda kuti vanhu vake vaitei? (*tizvinipise, tinamate, timutsvake, titendeuke pazvivi*)
- Mwari achatii kana tikaita zvinhu izvi? (*Iye achanzwa minyengetero yedu, achatikanganwira zvivi zvedu, uye achaporesa nyika yedu.*)

Tinogona kuona shanduko patinotanga kurarama tichiteerera Mwari. Basa redu sekereke nderekuzivisa zvinangwa zvakanaka zvaMwari kunharaunda kuburikidza nekugadzirisa zvinodiwa zvatinoona. Kana tikatevera nzira dzake, Mwari vanorapa nyika yedu.

Chidzidzo cheNyaya yaJose naMaria

HURUKURO MUBOKA GURU (SG)

Mirairo KuMudzidzisi: Pamubvunzo wega-wega, dzimwe mhinduro dzemienzaniso dzakanyorwa pano mune zvakatsveyama. Rangarira, idzi hadzisiridzo mhinduro dzakanaka chete, asi dzimwe mhinduro dzakanaka.

Fungidzira kuti nharaunda yaJose naMaria yakafanana nenharaunda yako.

Imba yaJose naMaria ichangobva kutsva; hapana chakasara. Nezuro, ivo—nevana vavo vashanu—vakanogara nehama. Zvisinei, pagara paine nevanhu gumi vanogara muimba diki iyi, saka hapana nzvimbo yevamwe vanomwe. Jose murimi, uye atopedza kudyara munda wake muduku, asi kuchine mimwe mwedzi mitatu kuti azokohwa. Mari yaaive nayo akaipedzera pambeu yemunda wake uye zvese zvaiva nazvo zvakapiswa nemoto.

Ndezvipi zvimwe zvinodiwa nemhuri iyi?

- Zvekudya
- Pekugara
- Zvipfeko
- Zvinhu zvekubika nazvo
- Pekurara imba yavo ichivakwa patsva

Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvinowanikwa munharaunda zvekubatsira?

- Vanhu
 - Vanoshanda kubatsira kuvaka imba itsva
 - Vanhu kuti vabatsire kugadzira zvokudya zvevanozvipira kuvaka
 - Vanhu kuti vabatsire kuchengeta vana
 - Vanhu kuti vanyaradze uye vatsigire mhuri
 - Vanhu kuti vabatsire kuchenesa pakatsvira imba
 - Vakuru vehurumende vanogona kupa rubatsiro rwechimbichimbi
- Zvekushandisa
 - Mapoto nemapani
 - Zvokudya
 - Zvipfeko
 - Magumbeze
- Zvivakwa

- *Pekugara munguva yekuvakwa patsva*

Nharaunda Yedu

HURUKURO MUBOKA DIKI

Kana uchikwanisa, kurudzira mapoka kuti afambe munharaunda mavo kwemaminetsi gumi kana makumi maviri kuti vazviyeuchidze mamwe ematambudziko makuru munharaunda mavo Vozopindura mibvunzo inotevera:

1. Ndeapi mamwe ematambudziko munharaunda yako?
2. Unofunga kuti chinangwa chaMwari nokuda kwemamiriro ezvinhu iwayo ndechei?

CHIITO CHEBOKA GURU

Mirairo KuMudzidzisi: *Shandisai kuvhota kwekushandisa mbeu kusarudza matambudziko matatu epamusoro kubva pane aonekwa nemapoka.*

Mirairo yekuVhota muchishandisa Mbeu:

Ipa munhu mumwe nomumwe "mhodzi" gumi (Chero zvinhu zviduku zvinogona kushanda semhodzi: mashizha, matombo, nezvimwewo) uye vakumbire kuti vazvigovere pakati pezvinetso, vachipa mbeu dzakawanda kune izvo zvirongwa zvavanofunga kuti zvakakosha zvikuru. Verengai huwandu hwemhodzi padambudziko rega rega - iro rine mhodzi dzakawanda ndiro rakakosha, rechipiri pahuwandu hwembeu ndiro rechipiri pakukosha uye rechitatu pahuwandu hwembeu ndiro rechitatu pakukosha.

- Mwari varikuti kereke yenyu iitei?

Tora matambudziko matatu amaona uye, pane rimwe nerimwe rawo, taura pamusoro pezvamuinazvo munharaunda yenyu zvingakubatsirai. Taurai nezve vanhu, zvinhu zvekushandisa, mari, uye zvivakwa zviripo kuti zvibatsire kugadzirisa dambudziko iroro.

Nyengeterai pamwe chete pamusoro pezvamuchaita kuti mushande maererano nezvamakurukura.

Chidzidzo chechinomwe: Svomhu dzemuHumambo

Pfungwa Huru

Kunyange varombo vanokwanisa kupa. Pavanoita saizvozvo, vachaona Mwari vachiwedzera kushingirira kwavo nenzira dzinoshamisa.

Zvekushandisa

1. Mifananidzo Inobatsira:
 - a. Seti rekutanga: Isaya 40:29 Zviratidzo (seti rimwechete rekirasi)
 - b. Seti rechipiri: Mahamvuropu eZvingwa Zvishanu, Hove Mbiri (hamvuropu rimwechete paboka)
 - c. Seti rechitatu: Mahamvuropu Eriya neShirikadzi (hamvuropu rimwechete paboka)
 - d. Seti rechina: Mahamvuropu Chirikadzi neMari Yake Mbiri (hamvuropu rimwechete paboka)
 - e. Seti rechishanu: Mahamvuropu Mufananidzo wemaTarenda (hamvuropu rimwechete paboka)

Mirairo KuMudzidzisi: Muchidzidzo chino, uchataurazve nyaya shanu dzemuBhaibheri wozokumbira vadzidzi kuti vagadzire “fomura yemasvomhu” kubva munyaya vachishandisa Mifananidzo Inobatsira. Kana boka riine ruzivo rwemasvomhu rwakaderera saka shandisai makadhi anotsanangura zvavaive nazvo mushure uye zvavanenge vanazvo pamberi. Kumbira boka kuti varonge mifananidzo kuita mirwi miviri – zvemumashure uye zvepamberi. Vabvunze kuti, “Ndeupi musiyano uripo pakati pemirwi miviri iyi? Zvafamba sei kubva pamurwi wekutanga kusvika pane wechipiri?” Mhinduro ndiMWARI. Iva nechokwadi chokuti vanonzwisisa kuti Mwari vakakonzera kuwanda kwezvinhu.

Nhanganyaya: Isaya 40:29

Maona here kuti Bhaibheri rine nheyo dzemasvomhu mariri? Muchidzidzo chino, tichatarisa dzimwe dzemasvomhu dzinowanikwa muBhaibheri.

CHIITO CHEBOKA GURU

Verenga Isaya 40:29. Tsanangura kuti iyi ichava ndima yedu yakakosha pachidzidzo chino.

- Ndiani ane simba? Ndiani asina simba?
- Mwari anotiitirei?
- Tinogona here kuisa vhesi iri mufomura yemasvomhu? Ngatiedze...

Mirairo KuMudzidzisi: Kana muine boka guru, koka vanhu vashanu pamberi uye uvape mumwe nemumwe mazwi kana zviratidzo zveemasvomhu (**MUFANANIDZO UNOBATSIRA**: Seti rekutanga remifananidzo). Kuboka diki, isai makadhi ese pasi moshanda pamwe chete kuti muatore zvakarongeka.

"Kushaya simba kwedu x Mwari = Simba"

- Tingadzidzei mundima iyi—iyi “fomura”?
 - NdiMwari vanowanza
 - Simba raMwari ndiro rinokosha zvikuru, kwete utera hwedu.

‘Mukomana NeMbuva Yake’: Johani 6:1-14

Mirairo KuMudzidzisi: Pane imwe neimwe yenyaya dziri muchidzidzo chino, gadzirira kutaura nyaya nenzira ine hunyanzvi.

Paiva nekamwe kamukomana. Akanzwa kuti mudzidzisi ane mukurumbira akanga achiuya kuGungwa reGarireya uye aida kuenda kunomunzwa achitaura. Akabvunza mai vake asi vakaramba. Kwakanga kuri kure, uye kudya kwemasikati kwakanga kwava kuda kutogadzirwa. Akakumbira akumbirazve, amai vake vakazobvuma. Vakamurongedzera chikafu chishoma mumucheka wake, achibva aenda.

Paakazosvika kwaaienda, akaona kuti pakanga patozara nevanhu. Semukomana chero upi zvake, akasunda nepakati peboka revanhu achienda mberi. Pakupedzisira, akawana nzvimbo iyo aigona kunzwa zviri nyore mudzidzisi navateveri vake. Akashamisika nematauriro aiita mudzidzisi uye zvinhu zvaaitaura. Akakanganwa zvachose kuti aive asati adya chikafu chake chemasikati.

Pakupedzisira, akanzwa nzara ndokurangarira chikafu chamasikati chaakanga amurongedzera. Akapinza ruoko zvishoma nezvishoma mumucheka wake, achiedza kuti asaite zvekuti vanhu vatarise kwaari amene.

Ipapo, mudzidzisi akamira ndokuudza vadzidzi vake kuti vape munhu wose zvokudya. Mukomana akaringa-ringa ndokuona kuti mhomho yevanhu yakanga yakura kusvika pavarume zviuru zvishanu pamwe chete nevakadzi vakawanda nevana. "lih," akashamisika, "Vachawana sei chikafu chevanhu vazhinji kudaro?" Achiri kufunga kudaro, vabatsiri vacho vakaita sevaiva nepfungwa imwe chete, uye mumwe akabvunza mudzidzisi kuti vaizoiwanepi mari yekudyisa chaunga chakadaro. Zvingatora inenge hafu yemuhoro wegore rose kuti vese vangoruma kamwe chete.

Mudzidzisi akavabvunza kuti, “Munei?” Mukomana muduku akatanga kuvanza zvokudya zvake zvemasikati, asi akanga atononoka. Mumwe mubatsiri, Andireya, akamuona. Akati, “Mudzidzisi, mukomana uyu ane zvingwa zvishanu nehove mbiri. Mudzidzisi akapindura kuti, “Uyai nazvo kwandiri.”

Unogona here kufungidzira vakazoitika?

Andireya akati kumukomana, “Mudzidzisi anoda mbuva yako.” Mukomana wacho akabvuma kupa Andireya zvokudya zvake, uyo akazopa mudzidzisi wacho.

Mudzidzisi akatora mbuva yemukomana ndokutenda Mwari, ipapo akatanga kugovera zvokudya. Mukomana akatarisa achiratidza kushamisika sezvo vaibatsira vaingoramba vachigova chikafu. Vanhu vese vakadya vakaramba vachidya kusvika vaguta. Akatarisa tarisa ndokuona kuti pakanga pasara tswanda gumi nembiri dzechikafu.

Zvino akanga asisagoni kumirira kuti asvike kumba kunoudza amai vake. Akamhanya achienda kumba ndokuvaudza nomufaro mukuru kuti zvokudya zvake zvemasikati zvakanga zvadyisa varume, vakadzi, uye vana vanosvika zviuru zvishanu! Mai vake vakatendeukira kwaari ndokutura befu, “Mwanangu, kangani kandinofanira kukuudza kuti usaite ngano?”

- Tingashandura sei nyaya iyi kuita fomura?

CHIITO CHEBOKA DIKI (VANHU vatatu kana vana)

Mirairo KuMudzidzisi: Ipa boka rimwe nerimwe hamvurope ine mapepa akachekwa “emukomana nembuva yake” (MUFANANIDZO UNOBATSIRA Seti remifananidzo rechipiri) KANA kuti gadzirai zviratidzo zvakakura wokumbira boka kuti rishande pamwechete kugadzira fomura. Vape mazano ekuti vangawana sei mhinduro. Kana boka rangoita fomura imwechete pamwechete, vanokwanisa kuzoita zvimwe zvese mumapoka madiki.

Mhinduro: "mukomana + zvingwa 5 + hove 2 x Mwari = chikafu chevarume 5000 + chikafu chevakadzi nevana + matengu gumi nemaviri"

Zvino ndidzo Svomhu dzemuHumambo!

HURUKURO MUBOKA GURU

- Jesu aida mukomana nembuva yake here? Paive neimwe nzira here yaangadai akapa nayo vanhu zvokudya?
- Nemhaka yei Jesu akasarudza kutora chikafu choga chaive nemukomana mudiki?

Tichifunga nezvemibvunzo iyi, ticharamba tichiita dzimwe Svomhu dzemuHumambo.

‘Chirikadzi noKudya Kwayo Kwokupedzisira’: 1 Madzimambo 17:7-16, 18:1

Yakanga iri nguva yakaoma zvikuru munhorondo yalsraeri. Nyika yakanga yave munzara yakaipisira kwemakore matatu nehafu. Vanhu vakanga vava kufa. Kunyange Eriya, muprofiti waMwari, akatambura.

Asi Mwari vakashandisa mukadzi chirikadzi kutarisira Eriya. Eriya zvaafamba muguta racho, akaona mukadzi achinhonga tsotso uye Mwari akamuudza kuti aende kwaari okumbira “mvura shoma muchirongo kuti anwe.” Mukadzi wacho akabvuma kucherera Eriya mvura, asi asati achera, Eriya akabva akumbira kuti atange amunzirawo chingwa kuti adye, kunyange iye nomwanakomana wake vasati vadya.

Mukadzi akapindura akati, “Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, ini ndangosara nokudya kumwe chete, ini nomwanakomana wangu, uye zvirokwazvo tichafa! Eria akapindura akati, “Usatya, Jehovha achakupa.”

Mukadzi akatendeuka kuti aende kundobikira Eria zvokudya nema futa mashoma noupfu zvaakanga anazvo. Asi wakati apedza kushandisa mafuta ake ose nefurawa kugadzira chingwa chaEria, akashamiswa kuwana zvirongo zvake zvamafuta noupfu zvakanga zvazarazve, sokunge zvakanga zvisina kubatwa. Mukadzi akati kuna Eria, “Ndashandisa zvose zvandaiva nazvo kwaari, asi zvino zvadzoka. Rumbidzai Jehovha!”

Bhaibheri rinotiudza kuti Mwari haana kungopa Eria, mukadzi, uye mhuri yomukadzi zvinokwana pazuva iroro chete, asi akamupa zvakanakirwa iye nemhuri yake kuti vadye kwemamwe makore matatu! Chishamiso.

- Tingashandura sei nyaya iyi kuita fomura?

CHIITO CHEBOKA DIKI

Mirairo KuMudzidzisi: *Govera mahamvuropu (MUFANANIDZO UNOBATSIRA Seti remifananidzo mitatu) Wotendera boka rimwe nerimwe kuedza kugadzira fomura.*

Muhamvuropu revasinganyatsogone kuverenga, isa mazwi kana zviratidzo zve:

- Chirikadzi
- Keke rimwechete
- Chikafu chevanhu vatatu kwemakore matatu

Mhinduro: “Chirikadzi + keke 1 x Mwari = keke 1 x Chirikadzi, Mukomana naEriya x mazuva 365 x makore 3 = makeke 3,285”

Ndidzo Svomhu dzemuHumambo!

HURUKURO MUBOKA GURU

- Mukadzi wacho aiva murombo here?
- Mwari angadai akapa Eriya zvokudya neimwe nzira here?
- Nemhaka yei Mwari akakumbira Eriya kuti aende kuchirikadzi yaiva murombo kunokumbira kuti apihwe zvokudya?
- Nemhaka yei Mwari akakumbira mukomana muduku zvokudya zvaave nazvo zvoga munyaya yezvingwa nehove?
- Mwari ane moyo une varombo nechirikadzi here?

‘Chirikadzi Nemari Yayo Mbiri’: Mako 12:41-44

Rimwe zuva Jesu paakanga ari patemberi akagara pedyo netswana yokupira zvipo, akaona vapfumi vachikwevera ngwariro kwavari vamene pavaipa zvipiriso. Mumwe mukadzi murombo aingova netumari tuviri tudiki. Nokuti zvakanga zviri zvose zvaiva nazvo, akanzwa kunyara uye akanga asingadi kuti vamwe vaone, naizvozvo akapa mupiro wake chinyararire, sokunge kuti muchivande. Jesu akaunganidza vadzidzi vake akavaona achiti, “Mukadzi uyu apa kupfuura vamwe vose.”

HURUKURO MUBOKA GURU

- Jesu airevei? Akapa sei zvakanwanda?
- Nemhaka yei Jesu asina kumuudza kuti “Aiwa, amai, yakakukosherai kupfuura temberi.” Aigona, asi Haana kudaro. Nemhaka yei?

Panzvimbo chokumumisa, Jesu akacherekedza zvikuru kuzvipira kwake. Kubva ipapo, nyaya yekupa kwake yakanyorwa kuti vakawanda vaverenge. Kunyangwe chiri chokwadi kuti akapa zvakaenzanirana zvakanwanda, ichokwadi zvakanwanda. Kwemakore anopfuura zviuru zviviri, vaKristu vanga vachifemerwa kupa nezviito zvake zvakanwanda. Funga kuti zvakanwanda sei zvakanwanda semugumiso wemuenzaniso wake. Uku ndiko kuwandisa KUKURU kwezvose. Akapa zvakanwanda anazvo, uye Mwari akawedzera. Ndidzo Svomhu dzemuHumambo!

CHIITO CHEBOKA DIKI

Shandisai **MUFANANIDZO UNOBATSIRA** yakachekwa kuyedza kugadzira fomura yemasvomhu

Mhinduro: "chirikadzi + mari 2 x Mwari = Kupfuura makore zviuru zviviri zvekufemerwa pakupa!"

Yeuchidza kirasi:

- *Mwari vakakumbira mukomana mudiki kuti ape mbuva yake yoga...*
- *Akakumbira imwe chirikadzi kuti itange kupa Eriya zvokudya, ichimupa zvokudya zvayo zvokupedzisira...*
- *Akabvumira chirikadzi iyi kupa zvose zvayaiva nazvo...*

HURUKURO MUBOKA GURU

- Jesu aipembedza varombo pakusapa here?
- Pane chinhu “chishoma” here kana kuti “chisina kukosha” kupa kuna Mwari?
- Mwari anokomborera kupa kwevarombo here?
- Ndedzipi dzimwe nzira idzo Mwari anokomborera nadzo kupa kwedu?
 - *Zvikomborero zvepanyama*
 - *Kuona hupenyu hwevamwe hwashanduka*
 - *Kuvandudzwa kwenharaunda*
 - *Kuponeswa kwehupenyu*

Nepo dzimwe nguva tinowana zvikomborero zvepanyama asi hazvisizvo nguva dzose. Dzimwe nguva Mwari anotikomborera nekutitendera kuti tive chikamu chekuita mutsauko munharaunda yedu kana kuona mumwe munhu achiuya kuna Kristu. Dzimwe nguva Anotikomborera nezvinhu zvinobatika. Tinoyeuchidzwa muna 1 VaKorinde 9:11 kuti chikonzero nei Mwari achitikomborera ndechokuti tirambe tichipa nguva dzose kuti Mwari arumbidzwe.

Imwe nyaya yekupedzisira. Ine kusafara mukati...

‘Mufananidzo Wematarenda’: Mateo 25:14-30

Kwakanga kune mumwe murume mupfumi akafamba rwendo rurefu. Asati aenda, akadana varanda vake vatatu. Kumuranda wokutanga, akapa matarenda mashanu emari (tarenda chitsama chemari) akati, “Ishande kusvikira ndadzoka.” Kune wechipiri, akapa mabhegi maviri akati, “Itai kuti ishande kusvikira ndadzoka”. Kuwechitatu, akapa bhegi rimwe bedzi ndokudzokorora, ‘lise pabasa kusvikira ndadzoka.’”

Mupfumi akaenda uye, mushure menguva refu kwazvo, akadzoka. Akadana varanda vake vatatu akavabvunza kuti vakanga vaita sei. Muranda wekutanga akataura kuti akanga ahandisa masaga mashanu emari yatenzi kuwana mamwe mashanu. Kuna ikoku, mupfumi akapindura kuti, “Waita zvakanaka! Wakanga wakatendeka pazvishoma, zvino ndichakupa zvimwe.” Muranda wechipiri akataura kuti akanga awana mamwe mabhegi maviri uyezve murume wacho akati, “Waita zvakanaka! Wakatendeka neushoma, zvino ndichakupa zvimwe.”

Ipapo pakupedzisira, muranda wechitatu akatsanangura, kuti, “Ndinoziva kuti muri munhu akaoma. Ndaitya kurasikirwa nemari yamakandipa, saka ndakaiviga.” Naizvozvo mupfumi akapindura kuti, “Muranda ane usimbe uye akaipa!” Akatora mari yake, akaipa kumuranda wokutanga, uye akadzinga muranda muhumambo.

Idzi, zvakare, iSvomhu dzemuHumambo. Ngationei...

CHIITO CHEBOKA DIKI

Mirairo KuMudzidzisi: Govera mahamvuropu (**MUFANANIDZO UNOBATSIRA** Seti reMifananidzo rechishanu) Wotendera boka rimwe nerimwe kuedza kugadzira fomura.

Mhinduro: “muranda + tarenda 1 x 0 (asingaiti chinhu) = 0 kuwedzera + muranda akakandwa murima”

HURUKURO MUBOKA GURU

- Ndiani akapiwa zvishoma? Asi tarira zvakaiteka!
- Mwari haana hanya nevarombo here? Saka nei akadzingwa muhumambo?
- Mugumisiroi uripo, kunyange kuvarombo, kana vakasateerera Jesu?

Mhedziso

HURUKURO MUBOKA DIKI

1. Tine rupo here nezvakapiwa naMwari?
2. Kereke yedu ine rupo nezvakapihwa naMwari here, kana kuti tinovishandisa isu pachedu chete?
3. Ndedzipi nzira dzatanoona nadzo Mwari achitikomborera sezvatave nerupo?
4. Ndedzipi shanduko dzandingaita kuti ndishandise misimbote iyi zvakananyanya muhupenyu hwangu nemukereke?

Chidzidzo chechisere: Mabasa eRudo

Pfungwa Huru

Tinogona kuda nharaunda yedu kuburikidza neMabasa eRudo. Zvinofanira kunge zvakaite Chiito cheRudo\Basa eRudo ndeizvi: rinoitwa kuratidza rudo rwaMwari, rinoitwa mukuteerera Mwari, rinoitwa nesimba raMwari, zvinosanganisira vanhu vakawanda sezvinobvira, zvinoitwa kuti Mwari arumbidzwe, zvinoitwa pachishandiswa zviwanikwa zvomunharaunda, zviduku uye zviri nyore.

Zvekushandisa

1. Mubairo Mudiki wechiito chezviwanikwa zvemunharaunda.

Mirairo KuMudzidzisi: Chidzidzo ichi chinosanganisira kurangerira zvinhu zvinomwe zvinofanira kunge zvakaite Chiito cheRudo. Tinokurudzira kuratidza izvi ne zviratidzo zvemaoko zviri nyore kuitira kuti zvive nyore kuyeuka. Semuenzaniso - zvinoitwa uchishandisa simba raMwari kunogona kuratidzwa nekuchinjisa maoko ako. Kuitwa mukuteerera Mwari kungava kunyengetera nemaoko. Paunenge uchisuma chinhu chega chega kusvikira kunomwe, Ita zviratidzo zvemaoko kune zvese zvadarika.

Nhanganyaya

HURUKURO MUBOKA GURU

- Ndezvipi zvinhu zvinhu zvamunowanzoita sekereke kuratidza rudo kune vasiri maKristu munharaunda yenyu?
- Vanhu vangani vanotora chikamu?
- Munozviita kangani zvinhu izvozvo?
- Munosarudza sei zvekuita?
- Vanhu vanozvigamuchira sei?
- Munoitireiko zvinhu izvi?

Mabasa eRudo

Muzvidzidzo zvishoma zvapfuura takayeuchidzwa kuti Mwari anoda munhu wese sei. Takaona kuti tinorairwawo kuda muvakidzani wedu. Mabasa eRudo ndiyo imwe yenzira dzatinogona kuita izvozvo.

Mabasa eRudo zvirongwa zvidiki zvinoitwa nekereke kuratidza rudo rwaMwari kunharaunda yavo. Kazhinji zviri nyore kwazvo uye vanogona kuitwa muzuva rimwechete.

Pane zvinhu zvinomwe zvinofanira kunge zvakaite Chiito cheRudo. Muchidzidzo chino tichaongorora zvinhu zvinomwe izvi.

1. Chinoitwa kuratidza rudo rwaMwari

Chimwe chezvinangwa zvakaosha zveChiito cheRudo kuratidza rudo rwaMwari kunharaunda yako.

Mune imwe nharaunda, kereke yakasarudza kuita Chiito cheRudo. Vaifunga kuti Mwari akanga ari kuvaudza kuti vabatsire mudzimai womukuru wechikwata chematsotsi munharaunda yacho. Vakanga vachitya, sezvo mutungamiri wegen'a aive nemukurumbira wekushatirwa zvakananya uye kurova vanhu pasina chikonzero chisvinu. Zvisinei, kereke yaida kuteerera Mwari. Vakamirira kusvikira mutungamiriri wegen'a abuda muguta,

uye vakabva vabatsira mudzimai wake kukohwa minda nokugadzira zvirimwa zvokutengesa. Mutungamiriri wegen'a paakasvika kumba, akaona zvirimwa zvose zvakohwewa ndokutanga kushevedzera kuti, "Ndiani aita izvi?" Mudzimai wake akatya kumuudza, achitya kuti aizomutsa dambudziko, asi pakupedzisira akabvuma kuti kereke yakanga yabetsera. Mukuru wechikwata chematsotsi uyu akabva aenda kukereke achibva arova gonhi. Pashure pokudana madhikoni kuti atsigire, mufundisi akazarura suo, uye mutungamiriri wematsotsi uya akapinda. "Nemhaka yei makaita izvozvo?" Akabvunza. Vakapindura kuti vaingoda kuratidza rudo rwaMwari. Murume wacho akatanga kuchema, achivaudza kuti hapana akanga ambomuda muhupenyu hwake. Akava muKristu, akashandura hupenyu hwake, uye akapfuurira kutungamirira dzimwe mhuri nhanhatu kubva mugen'a kuenda kuna Kristu.

- Chiito cherudo ichi chakaita kuti zviite sei?
- Unofunga here kuti mutungamiriri wechikwata angadai akava nemafungiro akafanana dai vakango goverana vhangeri naye?

Chinangwa chikuru cheChiito cheRudo kuteerera murairo waMwari wekuda muvakidzani wedu. Tinoda kuratidza rudo rwaMwari kunharaunda yedu. Kutanga, zvakanaka kufunga nezveavo vatisingawanzoratidza rudo kwavari, semuenzaniso avo vasingaendi kukereke.

- Unofunga kuti nemhaka yei zvakanakosha kuratidza rudo rwaMwari kune vasiri vaKristu?
 - *Vanhu vazhinji vasiri vaKristu havadi kuuya kukereke kuzonzwa nezvaMwari. Zvisinei, zvakanakosha nenyaya iyi, pavanoona rudo rwaMwari, runogona kuva nekubata kunokosha.*

2. Chinoitwa mukuteerera Mwari

Sezvimwe zvinhu zvose, tinoda kuva nechokwadi chokuti tinogara tichifamba mukuteerera Mwari. Pane kuita ongororo yenharaunda kuti tinzwisise zvinodikanwa uye kuita hurongwa hwedu pachedu hwekubatsira, tinoda kutanga nemunamato, tichibvunza Mwari zvaanoda kuti tiite. **Kazhinji Mabasa eRudo anonyanya kushanda zvinhu zvisina musoro.**

Funga nezvenyaya yatichangonzwa yemukuru wechikwata chematsotsi.

- Kereke yakasarudza sei kuti iratidze rudo rwaMwari?
 - *Vakanamata Mwari akavaratidza kuda mukuru wechikwata ichi.*
- Unofunga kuti vangadai vakanangana nemutungamiriri wechikwata chematsotsi here dai vakaita ongororo yezvaidiwa munharaunda?

Dzimwe nguva zvinhu izvo Mwari anotikumbira kuti tiite hazvina musoro kumafungiro edu —sekuda mutungamiriri wechikwata chematsotsi. Asi tinogona kuva nechivimbo chokuti kana Mwari achititungamirira kuita chimwe chinhu, chichazadzisa zvaanoda, uye tichakomborerwa nokuitawo zvirongwa zvake.

3. Diki uye Nyore

Pamunotanga kuita Mabasa eRudo, tinokukurudzira kuti musarudze zvinhu zviri nyore kwazvo. Sezvineiwo, zvinofanirwa kunge zvichikwanisa kuitwa mukati mezuva rimwe.

- Munofunga kuti nemhaka yei zvakanakosha kutanga nemadiki uye arinyore Mabasa eRudo?

Funga mazano mana aya: Kana isu tatanga nechimwe chinhu chidiki uye chiri nyore...

1. **Tinokwanisa kuchipedza.** Tinokwanisa kuchipedza. Kana tikaita chimwe chinhu chikuru, zviri nyore kukurirwa uye kuomerwa nekuchiita. Nekudaro, kana tikaita chimwe chinhu chidiki uye chiri nyore, tinowanze kwanisa kuchiita uye kupedzisa.
2. **Vanhu vakawanda vanogona kutora chikamu.** Zviri nyore kuti vanhu vanyorese kutora chikamu papasa diki vozvipira kwariri kana vachiziva kuti izuva rimwe chete kana masikati chete. Vanoti, "O,

ndinogona kuzviita. Ndakasununguka masikati iwayo.” Asi kana riri basa guru rinotora mazuva akawanda kuti ripere, vanhu vanozeza kushandisa nguva yavo nezviwanikwa. Izvi ndezvechokwadi kunyanya kana pfungwa yekuita chimwe chinhu kune vamwe ichiri itsva kwavari.

3. **Tine mukana wekugadzira hunyanzvi hwedu.** Pamwe hatina ruzivo rwakawanda mukuita maamwe mabasa. Izvi zvinotipa mukana wekuita chimwe chinhu chiri nyore uye kuwana ruzivo tisati taedza kuita chimwe chinhu chakaoma.
4. **Tinowana kubudirira nokukurumidza.** Sezvo isu tichibudirira muzvirongwa zvidiki, vamwe vanokwezvwa nekubudirira vobatana nesu. Pamunotanga vashoma chete mukereke vanogona kufarira kutora chikamu. Asi sezvamunodzidzisa zvakanwanda uye muchiratidza muenzaniso wemabasa akabudirira, vanhu vazhinji vanozofarira kutora chikamu.

Zviri nani kuita Mabasa eRudo madiki kakawanda (kamwechete vhiki imwe neimwe kana vhiki mbiri) pane kuita chirongwa chimwechete chikuru. Pamusoro pezvinyorwa zviri pamusoro apa zvezvakanyakira kuita Mabasa eRudo madiki, kuita Mabasa eRudo nguva nenguva kunobatsirawo kuisa mufananidzo wekereke ine hanya mupfungwa dzevanhu munharaunda.

4. Chinoitwa muchishandisa zviwanikwa zvemunharaunda

CHIITO NEMUMWE MUNHU

Tiri kuda kutamba mutambo. Funga nezveMabasa eRudo anogona kuitwa nekereke yako kubatsira vanhu pasina kushandisa mari zvachose. Edzai kunyora akawanda sezvinobvira. Vaviri vane mhinduro zhinji mushure memaminitsi mashanu vanogashira mubairo.

Mirairo KuMudzidzisi: *Mushure memaminitsi maviri, vayeuchidze kuti vafunge nezvehunyanzvi hune vanhu vemukereke mavo hungagona kushandiswa. Mushure memaminitsi mashanu, ita kuti vaviri vaviri vagovere kuti mangani Mabasa eRudo avakafunga nezvawo. Ipa mubairo mudiki, semuenzaniso chikafu chinofarirwa, kune vaviri vakafunga zvakananyanya.*

HURUKURO MUBOKA GURU

- Unofunga kuti nemhaka yei zvakanosha kuita Mabasa eRudo uchishandisa zviwanikwa zvauinazvo munharaunda yako?
 - **Zvakawanda zvekuratidza rudo**
Funga nezvenyaya yemasari muchidzidzo chechishanu. Unofunga kuti zvingave zvakanabata moyo yevanhu zvakananana here dai NGO huru yakanza masari kunharaunda? Aiwa, zvaisaita kudaro.
 - Nemhaka yei vanhu vakanzwa kudiwa?
Imhaka yokuti vaiona rudo rwekereke payaizvipira. Kana nharaunda isinganzwe kuti pane kuzvipira kana kushanda nesimba kwakapinda mairi, havaoni rudo rwaMwari kwavari nenzira imwechete.
 - **Maropafadzo ekupa.** Verenga 2 VaKorinde 9:6-11. Mwari akatiudza kuti achatiropafadza nechiyero chimwe chete chatinopa. Zvisinei, tarisazve ndima idzi.
 - Nemhaka yei Mwari achitikomborera?
 1. Nemhaka yei Mwari achitikomborera?
 2. Kutu Mwari varumbidzwe.
- Sezvo makereke akapa zvakanwanda, takavaona vachikomborerwa naMwari. Vatanga kubuda muhurombo. Asi zvinotonyanya kukosha, ivo vanokwanisa kuve nerupo uye kuita Mabasa eRudo akatowanda.

5. Chinoitwa kuburikidza nesimba raMwari

Verengai Johani 15: 1-8.

- Ndimba iyi inotiudzei pamusoro pezvatingaite tega? Unofunga kuti izvi zvinorevei?
- Tinobereka zvibereko zvakanwanda sei?

Kubatsira vanhu kunogona kunge kwakaoma chaizvo. Mwari chete ndiye anogona kuunza shanduko yatinotarisa kuona munharaunda dzedu. Kana tichida kuona nharaunda dzedu dzichishandurwa kuburikidza neMabasa eRudo, tinofanira kunyatsotarisa kuna Mwari uye tichimukumbira rubatsiro.

Tinofanira kugara tichinamata tisati taita, panguva yekuita, uye kana tapedza kuita Mabasa eRudo. Patinotarisa nedambudziko kana kuti zvipingamupinyi, tinofanira kukumbira Mwari kuti agadzire nzira yekubuda mudambudziko. Kana tikaneta kana kuora mwoyo, tinofanira kuvimba naMwari kuti achatipa simba rake kuti tirambe tichienda.

6. Zvinobatanidzira vanhu vakawanda sezvinobvira

CHIITO CHEBOKA GURU

Mirairo KuMudzidzisi: Kamura boka kuita mapoka maviri A neB. Bvunza boka A kuti risarudze munhu mumwechete anovamiririra. Udza boka rechipiri kuti munhu wese achatora chikamu. Tsanangura kumapoka maviri kuti vanofanira kubatanidza mativi maviri ekamuri vachishandisa chero chavanogona kuwana. Muboka A, munhu mumwe chete anofanira kuita basa rose, asi anogona kukwereta zvinhu kubva kune vamwe vose. Muboka B, munhu wese anogona kushanda pamwechete kuunganidza nekuisa zvinhu kubatanidza mativi maviri ekamuri. Tsanangura kuBoka A kuti boka rose harigone kutaura pachiiitwa ichi. (Kana vakataura, iti, “Ndapota nyarara; boka reushumiri riri kushanda.”)

Kana mapoka maviri apedza bvunza:

- Ndiani atanga apedza?
- Munofunga kuti tingadzidzei pachiiitwa ichi?
- Boka A
 - Munhu mumwechete aita basa rose anzwa sei?
 - Imi mose manzwa sei? Manga muchidawo kutora chikamu here?
- Boka B
 - Unofunga kuti chii chaive chakanakira kuve nevanhu vakawanda vachishanda pamwe chete?
- Patinoita Mabasa eRudo, tinoedza kubatanidza vanhu vakawanda sezvinobvira kuti vatore chikamu — munofunga kuti nemhaka yei izvozvo zvichikoshwa?

Kazhinji, mukereke, vanhu vashomanene bedzi vanoita basa rose. Vanhu ivavo vanogona kukurumidza kuneta uye kunzwa kuda kurega, nepo vamwe vanhu vose vanogona kupedzisira vanzwa kufinikana kana sekuti matarenda avo haasi kushandiswa. Havakuri muhunyanzvi hwavo kana mukutenda kwavo. Dzimwe nguva tinogumburwa nekukumbirwa kuti tipe mari asi tisingabatanidzirwe nekutore chikamu. Paunenge uchiita Chiito cheRudo, unoda kubatanidza vanhu vakawanda sezvinobvira kubva kukereke mune zvauri kuita. Zvadaro tinobatsirwa nepfungwa nesimba zvevanhu vakawanda. Chiito cheRudo chakanaka hachisi kungounganidza kubva kune munhu wese kuti ape, asi kubatanidza munhu wese mukuita chirongwa pamwe chete. Zvimwe zvirongwa zvakasarudzwa nemamwe makereke kuti munhu wese abatanidzirwe ndezvizi: kuchenesa panofamba nemvura, kubvisa marara mumakoronga kana mumigwagwa, uye kuchenesa chipatara.

7. Chinoitwa kuti Mwari arumbidzwe

Verengai Johani 15:8 zvekare.

- Chinangwa chokubereka zvibereko zvakawanda ndechei?

Verengai Mateo 5:13-16.

- Nemhaka yei tichiita mabasa akanaka?
- Chinangwa chedu chinofanira kuva chei patinoita Mabasa eRudo?

Mushure mekuita Chiito cheRudo chega chega, tinofanira kutora nguva yekuongorora. Chii chakanga chiri mugumisiro? Funga nezvezvikamu zvitatu:

1. Vanhu vakabatsirwa here?
2. Basa racho rakaitwa nenzira yerudo here?
3. Mwari akarumbidzwa here?

Dzimwe nguva vanhu vanoona Chiito cheRudo chedu uye vonzwa kusununguka kunzwa nezvaMwari. Asi kwete nguva dzose. Chokwadi ndechekuti hatizove nemukana wekutaure nezvaMwari pese patinoita Chiito cheRudo. Asi tinogona kutsvaka kukudza Mwari nguva dzose nokuita zvinhu nenzira inomukudza. Kunyange mafungiro edu, mufaro wedu, uye vavariro yedu yokushumira vamwe zvinogona kuva huchapupu hunounza mbiri nerumbidzo kuna Mwari.

Mhedziso

Mirairo KuMudzidzisi: *Tsanangura kuti muchidzidzo chinotevera ticharonga Chiito cheRudo. Kana uri kudzidzisa vhiki nevhiki saka tora nguva yekufunga svondo rino pamusoro pezvingaite kereke yako seChiito cheRudo.*

Pedzisa nekudzokorora zviito zvemaoko kakati wandei.

Chidzidzo chechipfumbamwe: Kuronga Chiito cheRudo

Pfungwa Huru

Chinangwa chechidzidzo chino kupa nguva yekugadzirira Chiito cheRudo

Zvekushandisa

1. Mapepa makuru evanhu vashanu kusvika vanomwe vega vega

Mufananidzo wenyaya yeVanakomana vaviri

Verengai Mateo 21:28-32

- Baba vanokumbira vanakomana vavo kuti vaitei? (*kushanda mumunda wemizambiringa*)
- Vanakomana vose vari vaviri vanonzwisisa kuda kwababa vavo here? (*Hongu*)
- Ndeupi musiyano uripo pakati pevanakomana vaviri?
 - *Mwanakomana wekutanga akati aisazoteerera baba vake, asi akazoshandura pfungwa dzake ndokuteerera.*
 - *Mwanakomana wechipiri akati aizoteerera asi haana kuzodaro.*
- Jesu akarumbidza mwanakomana upi? (*Mwanakomana akateerera.*)

Jesu aishandisa mufananidzo uyu kuratidza kusateerera kwevatungamiriri vezvitendero. Akataura kuti vateresi (vakuru vakuru vehurumende vane huori) nepfambi waitendeuka ndokutanga kuteerera vaizopinda muHumambo hwaMwari kutangira vatungamiriri vechitendero vaiti vaida Mwari asi vasingateereri.

Hazvina kukwana kuti tidzidze uye tinzwe chokwadi chaMwari chichiziviswa. Zvino tinofanira kuita kuti chokwadi chaMwari chishande. Mwari anoda kuteerera kwedu kwerudo. Tinoziva kuda kwaMwari kwatiri: kuda Mwari uye kuda muvakidzani wedu sezvatinozviita. Tinofanira kutanga kuteerera kuda kwaMwari muhupenyu hwedu nekuda vamwe kuburikidza neChiito cheRudo.

Nharaunda dzedu nehupenyu hwedu hazvishanduke kusvikira tashandisa zvatanga tichidzidza. Ngatiitei chiito chinotibatsira kutanga kushanda!

Matanho eKuronga

HURUKURO MUBOKA DIKI (VANHU VASHANU KUSVIKA VANOMWE)

Mirairo KuMudzidzisi: Kana uchidzidzisa pakereke yemunharaunda, zvinokwanisika kuita izvi seboka rose. Tungamira boka mudanho rimwe nerimwe.

Danho rekutanga: Munamoto

Chekutanga kuita kunamata. Torai nguva ikozvino yekunamata. Kumbira Mwari kuti vakuratidzei zvamunofanira kuita nokuda kweChiito chenye cheRudo. Ivai nechokwadi chekuti matora nguva shoma yekunyarara kuti muteerere Mwari.

Danho rechipiri: Kusarudza Chiito

Seboka, sarudzai zvamungaite seChiito cheRudo. Mwari akapa chero kurudziro here? Kana paine munhu ane chero pfungwa dzekuti chii chingava Chiito cheRudo chakanak, vakumbire kuti vagovane nevamwe. Tarisa

zvakare mamwe emazano amakaronga muchidzidzo chechishanu: Mwari anoda kuti kereke ibatsire uye Chidzidzo 6: Ndezvipi zvimwe zvinodiwa zvatinogona kubatsira nazvo. Pamwe chete, bvumiranai pane zvamunofunga kuti Mwari ari kukutungamirira kuita.

Kana mangosarudza chekuita, ivai nechokwadi chekuti chinhu chaunogona kuita muzuva rimwe chete. Mamwe mapoka anosarudza chinhu chakakurisa. Rambai muchifunga kusvikira mava nechimwe chinhu chamunogona kuita muzuva rimwe chete, muchishandisa zviwanikwa zvemunharaunda, uye muchibatanidzira vanhu vakawanda sezvinobvira.

Kana muri kuronga mumapoka madiki, itai kuti boka rega rega rigovere pfungwa yavo uye vawane mhinduro kubva kune vamwe.

- Zvinoratidza rudo here?
- Zvidiki uye zviri nyore here?
- Zvinogona kuitwa here muchishandisa zviwanikwa zvamuinazvo?
- Zvinobatanidzira vanhu vakawanda sezvinobvira kuti vatore chikamu here?

Danho rechitatu: Gadzirai hurongwa

Kurukurai mibvunzo inotevera. Kana zvichiita, itai kuti mumwe munhu anyore mhinduro dzacho kuti musazokanganwa.

- Muchaita sei?
- Ndezvipi zvekushandisa zvamunoda? Zvinhu izvozvo muchazviwanepi? Ndiani achanozvitora?
- Muchabatsira ani?
- Ndiani achatora chikamu mukubatsira? Ndiani achakoka munhu wese?
- Nderipi zuva ramuchazviita?

Mirairo KuMudzidzisi: Kana kirasi ichishanda mumapoka madiki, ita kuti boka rimwe nerimwe ripe hurongwa hwavo. Bvunza boka chero mazano avangave nawo ekusimbisa hurongwa.

Danho rechina: Namatai

Kana mapedza kunyora hurongwa, wanai nguva yekunamata zvakare. Kumbirai Mwari kuti akubatsirei kupedzisa hurongwa hwebasa uye kuti migumisiro inge yakawanda. Namatai kuti zita rake rikudzwe. Mukati mevhiki kana maviri anotevera, paunenge muchigadzira basa renyu, munofanira kunge muchinyengereta kuti Mwari akubatsirei pabasa racho.

Mirairo KuMudzidzisi: Tsanangura kuboka kuti pane mamwe matanho maviri atisiri kuzoita nhasi. Woverenga tsananguro yematanho maviri asara.

Danho rechishanu: Itai basa racho

Danho rinotevera nderekuita basa ramakaronga. Tangai zuva nemunamato uye muzvipire kuna Mwari. Rangarirai kuti muri kuita chirongwa ichi kuratidza rudo rwaMwari kunharaunda yenyu. Edzai kuchengetedza mafungiro anoenderana nechinangwa ichi.

Danho rechitanhatu: Ongorora uye Dzoka Nezvawawana

Danho rekupedzisira ndere kushuma uye kuongorora. Nei tichifanira kuongorora? Nokuti zvinotibatsira kudzidza. Tinogona kufunga zvatakaita zvakanaka uye zvatingaita kuti tizvivandudze nguva inotevera. Izvi hazvidi kuitwa nguva yakareba; munogona kungatora maminetsi mashoma ekukurukura iyi mibvu nzo:

- Chii chakafamba zvakanaka?
- Chii chisina kufamba zvakanaka?

- Ndedzipi gadziriso dzamungaite pachirongwa?
- Magamuchirwo azvakaitwa zvaive sezvamaida here? Kana zvisina kudaro, nemhaka yei?
- Mwari akakudzwa here?

Mhedziso

Tapedza Bhuku rekutanga.

HURUKURO MUBOKA DIKI

Wanai nguva yekukurukura mumapoka madiki dzimwe dzepfungwa huru dzamunorangerira kubva mukudzidziswa uku.

- Chii chamunotarisa kuita zvakasiyana musvondo rinotevera?

Sezvatinopedza, ngatirangarire nyaya yevanakomana vaviri iri muna Mateo 21:28-31. Munyaya iyi mumwe mwanakomana akati aizoteerera baba vake asi haana kudaro. Mwanakomana wechipiri akati aisazoteerera asi akazoteerera. Jesu airumbidza munhu aiteerera. Hazvina kukwana kungouya kuzodzidza. Tinofanira kuzviisa mukuita. Nharaunda dzedu nehupenyu hwedu hazvishanduke kusvikira tashandisa zvatanga tichidzidza. Unogona kutanga nekuda vamwe kuburikidza neChiito cheRudo kana kupfuura chimwechete.

Mirairo KuMudzidzisi: Nyengeterera boka kuti Mwari avabatsire kuita zvavanga vachidzidza.